ЛъапIэщ ТекIуэнныгъэ Иным и махуэшхуэр

ФIФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№53 (24.491) • 2023 гъэм накъыгъэм (майм) и 6, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ •




# Захуагъэм и дамыгъэ

**2023 гъэм илъэс 78-рэ ирокъу ТекIуэнныгъэ Иныр ди къэралым къызэрихьрэ. Нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм къэралым и лъэр щIауду зыIэщIалъхьэжыну иужь щихьэм, ди хэкум лъэпкъыу исыр зылI и быну зэкъуэувэри, бийм пэуващ. Махуэ 1418-кIэ екIуэкIа зауэм цIыху мелуан 27-рэ хэкIуэдащ. Махуэ къэс цIыху мин бжыгъэм ажалыр я натIэ хъурт, сыхьэт къэс - цIыху мин 800 къаукIырт, дакъикъэ къэс сэлэт 13 хэщIырт советыдзэм...**

МАМЫРЫГЪЭР къытхуахьу къэзыгъэзэжа сэлэтхэри, зауэ губгъуэм зи щхьэр къизына лIы хахуэхэри нобэ хуэдэм - ТекIуэнныгъэм и махуэм - дигу къыдогъэкIыж. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, гъэ къэс нэхъ мащIэ мэхъу зауэм хэта ветеранхэр. 2022 гъэм и кIэм ирихьэлIэу ди республикэм исыжт Хэку зауэшхуэм хэта ветерану 265-рэ, тылым щылэжьахэу цIыху 816-рэ.

Курыт ныбжьым иту апхуэдэ адэшхуэр зыцIыхуахэм я насыпщ, абыхэм къыдэкIуэтей щIэблэм хуаIуэтэн хуейщ дадэм и лIыхъужьыгъэр, хахуагъэр. Абыхэм я хъыбар зэIэпыхыныр иджыри лIэщIыгъуэкIэрэ кIуэдыжынукъым. Гъуни нэзи иIэкъым ветеранхэм дазэрыхуэарэзым. Абыхэм я гъащIэр халъхьэурэ хьэкъ ящIыфащ дунейпсо лъапIэныгъэр, цIыхугъэр, захуагъэр хъумэным мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

А псом и дамыгъэу къытхуэнащ ТекIуэнныгъэм и махуэр. Ар Iэтауэ щагъэлъапIэ щыхьэрми хэгъэгухэми. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхубэри гушхуауэ хэтщ а махуэшхуэм. Зауэм къыщагъэлъэгъуа лIыхъужьыгъэм папщIэ ди щIыналъэм щыщ куэдым «Совет Союзым и ЛIыхъужь» цIэ лъапIэр къыхуагъэфэщащ, «ЩIыхь» орденым и нэгъыщэ псори куэдым къахьащ, цIыху минипщIым щIегъу орден, медаль зэхуэмыдэхэр зратахэр.

1945 гъэм мэкъуауэгъуэм и 24-м, Москва и Утыку Плъыжьым ТекIуэнныгъэм и парад щекIуэкIауэ щытащ, нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакIуэхэр Хэкум ирахужу совет лъэпкъыр Хэку зауэшхуэм зэрыщытекIуам и щIыхькIэ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, ТекIуэнныгъэ Иныр 75-рэ щрикъум, 2020 гъэм, а махуэ дыдэм, мэкъуауэгъуэм и 24-м, екIуэкIащ парадыр. Гъэ къэс накъыгъэм и 9-м зэхашэ зэхыхьэшхуэр а гъэм мэкъуауэгъуэм и 24-м щIагъэIэпхъуам и щхьэусыгъэур коронавирус уз зэрыцIалэм дызригъэува щытыкIэрт. Ди къэралым нобэ иIэ къарумрэ лъэщагъымрэ игъэлъагъуэу а махуэм утыку къихьат дзэм къулыкъу щызыщIэу мин 14-м щIигъу, дзэ техникэу 200-м щIигъу, кхъухьлъатэрэ вертолёту 75-рэ. ЛъэсырыкIуэу Утыку Плъыжьым къихьащ расчёт 40-м щIигъу, абыхэм яхэтт Iэщэ-кIэ ЗэщIэузэда Къарухэм я дзэ частхэм, дзэ къулыкъущIапIэхэм щыщ офицерхэр, сержантхэр, сэлэтхэр, дзэ еджапIэхэм я курсантхэр, Суворовым, Нахимовым я цIэхэр зезыхьэ училищэхэм щIэсхэр, кадетхэмрэ юнармейцхэмрэ. Псоми яцIыхухэм нэмыщI, а гъэм ягъэлъэгъуащ дзэ техникэщIэу 20-м я теплъэхэр. Юбилей парадым хэтащ нэхъ лъэщ ящIа Т-90М, Т-80БВМ танкхэр, БМП-2, БМП «Курганец-25», БМП «Армата» дзэ машинэхэр, «Деривация-ПВО» зенит артиллерие комплексыр, «Бук-М3» зенит ракетэ комплексыр, ракетэ системэхэу С-350 «Витязь»-мрэ С-300В4-мрэ, топгъауэ комплекс «Панцирь-СIМ»-р, нэгъуэщIхэри.

Уэгум щыдиIэ къарур къагъэлъагъуэу, гуп 16 хъу кхъухьлъатэ 75-рэ блэлъэтат а махуэм. Абыхэм яхэтт Ми-26, Ми-8, Ми-35, Ка-52, Ми-28 вертолётхэр, А-50, Ил-76, Ту-95, Ту-22, Ту-160, Ил-78 кхъухьлъатэхэр, Су-25 штурмовикихым Урысей Федерацэм и ныпым и плъыфэхэр къапихыу телъыджэу уэгум итащ.

Урысей цIыхум и гур хигъахъуэу, захуагъэм и нэщэнэу, лъэщагъым и дамыгъэу илъэс къэси догъэлъапIэ мы махуэр.

ЖыпIэнуракъэ, планетэ псом и къэкIуэнур илъэс пщIы бжыгъэкIэ зыубзыхуа, нэхъ ин дыдэу, мыхьэнэшхуэ зиIэу тхыдэм къыхэна ТекIуэнныгъэщ Урысейм иIэтыр. А парадхэр нэрымылъагъу къарум и джэлэсу, фIыр Iейм, мамырыгъэр зауэм, гъащIэр ажалым зэрытекIуэм я нэщэнэу хэтщ тхыдэми иджырей гъащIэми.

Гушхуэныгъэм дызэщIиIэтэми, ди нэгу къыщIоувэ Хэкум щхьэкIэ зэуа дэтхэнэ зыри, ТекIуэнныгъэр къытхуахьу къэкIуэжахэри, зауэ губгъуэм къина ди хэкуэгъу мелуанхэри. Ди хэкур кърагъэла нэужь, адэкIи кIуащ - Европэ къэралхэр зэрыпхъуакIуэхэм къыIэщIахыу, Холокост шынагъуэм и лъэужьыр ягъэкIуэду, нацизмэм и дыджым Германием и цIыхубэр щихъумэу. Нэгум къыщIэгъэхьэгъуейщ Дзэ Плъыжьыр мыхъуамэ, дунейм къыщыхъуну щыта шынагъуэр.

Ди адэшхуэхэр зыхущIэкъуар зауэтэкъым, къэрал гуэр къэзэунырткъым, щIыхьтэкъым икIи пщIэтэкъым, атIэ къатегуплIа бийр ирагъэкIуэтыжу текIуэнныгъэр зыIэрагъэхьэу я хэкужь къагъэзэжынырт. Уасэшхуэ щIатащ Европэм и щхьэхуитыныгъэми, хамэщI губгъуэхэм я щхьэхэр щагъэтIылъащ ди зауэлIхэм.

Германием IэщэкIэ зэщIэузэда и къарум и процент 80-р Совет Союзым къыпэщIагъэуват, ауэ а къару гущIэгъуншэр совет цIыхубэ зэкъуэтым и пащхьэ щымахэу къыщIэкIащ. Ди зауэлIхэм зэтракъутащ бийм и дивизэ 600-м щIигъу, кхъухьлъатэрэ танкыу къыдэбгъэрыкIуам я процент 75-р зэхакъутащ икIи зауэр и кIэм нагъэсри, ТекIуэныгъэр къахьащ.

Дэ тхъумэн, къыдэкIуэтей щIэблэм я деж нэтхьэсын хуейщ пэжыр. А пэжращ ТекIуэнныгъэм и махуэри зытеухуар, а пэжым и лъагъуэм ирикIуа ди зауэлIхэрщ ЕтIуанэ дунейпсо зауэм кIэ езытар.

Дуней псом и пащхьэ къиувэ гугъуехьхэр куэдщ нобэ, абы къыхэкIыу нэхъ гуащIэжу зыхыбощIэ цIыхум, абы и хъуэпсапIэхэм, гурыфIыгъуэхэм, мамырыгъэм я лъапIагъыр. Зэныбжьэгъугъэр гъэбыдэным, лъэпкъхэм я зэхуаку дэлъ дзыхьыр егъэфIэкIуэным я мыхьэнэри фIыуэ дощIэ, лъэпкъыбэу зэхэс Урысей Федерацэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэм. А хъугъуэфIыгъуэхэмрэ лъапIэныгъэхэмрэ, зэгурыIуэныгъэмрэ мамырыгъэмрэ я уасэр иджыри зэ зыхыдегъащIэ ди къэралым, республикэм, къалэхэмрэ районхэмрэ щекIуэкI ТекIуэнныгъэм и махуэм.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**






# Къэбэрдей-Балъкъэрым къыхуэщхьэпэну Кавказым инвестицэхэмкlэ и гъэлъэгъуэныгъэ




**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хэтащ «Минводы-ЭКСПО» центрым мы махуэхэм щекIуэкI, Кавказым инвестицэхэмкIэ и япэ гъэлъэгъуэныгъэм. КъекIуэлIахэр кърагъэблэгъащ УФ-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Новак Александр, УФ-м и Президентым и лIыкIуэу КИФЩI-м щыIэ Чайкэ Юрий, Ставрополь крайм и губернатор Владимиров Владимир сымэ. ЗэIущIэр УФ-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм и нэIэ щIэту екIуэкIащ, къызэгъэпэщакIуэхэр РОСКОНГРЕСС Iуэхущ IапIэмрэ КАВКАЗ.РФ зэгухьэныгъэмрэщ.**

НАКЪЫГЪЭМ и 3-м Кавказым инвестицэхэмкIэ и гъэлъэгъуэныгъэм екIуэлIащ УФ-м и Правительствэм и УнафэщI **Мишустин Михаил**. Лэжьыгъэм и къызэгъэпэщыкIэм ипкъ иткIэ, яхуэзащ КъБР-м и Iэтащхьэ **КIуэкIуэ Казбек**.

«Дэ Iуэхур зыIутыр къритщIэну тегъэщIапIи 4 къыхэтхащ, - жиIащ Мишустиным, Къэбэрдей-Балъкъэрым игъэхьэзыра экспозицэхэм щыгъуазэ зищIа нэужь. - ЩIыналъэм къыщыщIагъэкIхэм зэрыхэхъуэ щIыкIэр, я мылъкур абы щызыгъэлажьэхэм я Iуэху зыIутыр, цIыхум и IэмыщIэ къихьэ ахъшэр зыхуэдизыр, лэжьапIэ IэнатIэхэм я бжыгъэр. Ахэр къатщIэмэ, адэкIэ здэдунэтIыпхъэ лъэныкъуэр IупщIу тхузэхэгъэкIынущ. Аращ зи гугъу тщIа псори хъарзынэу зэрызэтеухуам дыщIигъэгуфIар».

ЩIыналъэм ахъшэ щыгъэлэжьэн Iуэху и лъэныкъуэкIэ гъэлъэгъуэныгъэм ди республикэм утыку къыщрихьащ проектитху. Ахэр псори хеубыдэ КИФЩI-м 2030 гъэ пщIондэ щызрагъэхъулIэну къалэн зыщащIыжа СтратегиемкIэ зыужьыныгъэм, лъэныкъуэ псоми елэжьын щIадзакIэщ. Псори зэхэту а проектхэм трагъэкIуэдэнущ сом меларди 135-рэ. Iуэхур зэтраухуэмэ, лэжьапIэ IэнатIэу мини 5 къызэIуахыфынущ. Абыхэм хеубыдэ хадэхэкIхэр щагъэкIыну теплицэхэр ухуэныр, гъэм и хъуреягъкIэ лэжьэну «Эльбрус» турист хэщIапIэ къызэгъэпэщыныр, Тырныауз вольфрам-молибден къыщIэхыпIэр зэгъэпэщыжыныр, Налшык хыхьэ «Мей», «КъуэкIыпIэ» хьэблэхэр зэIузэпэщ щIыныр и кIэм нэгъэсыныр, Налшык электрон технологиемкIэ парк щаухуэныр. ЩIыналъэм промышленностымкIэ и IуэхущIапIэхэм я IуплъапIэхэр гъэлъэгъуэныгъэм хуагъэхьэзыращ.

Премьер-министрымрэ КъБР-м и УнафэщIымрэ тепсэлъыхьащ щIыналъэм цIыхубэ гъащIэмрэ экономикэмрэ щаIэ щытыкIэм. 2022 гъэм къигъэлъэгъуащ КъБР-р экономикэ и лъэныкъуэкIэ зэрефIакIуэр. КIуэкIуэ Казбек Мишустиныр щыгъуазэ ищIащ цIыхухэм хэхъуэу яIэрыхьэр проценти 5,6-кIэ нэхъыбэ зэрыхъуам, а бжыгъэр проценти 9,8-уэ щыщыта илъэс блэкIам ещхьу, хэхъуэ зэпытщ.

ЩIыналъэм и мылъкум къыхалъхьа инвестицэхэр сом мелард 57,8-м нос, ар процентИ 4,5-кIэ нэхъыбэщ блэкIа илъэсым ейм нэхърэ. 2022 гъэм щегъэжьауэ зэлэжьын щIадза проектитхум япкъ иткIэ, лэжьапIэ IэнатIэу 300-м нэс къызэIуахащ, псори зэхэту мини 5 къызэIуахыфыну щогугъ. Экономикэр зэрефIакIуэм и щыхьэтщ республикэм щызекIуэ мылъкур 2022 гъэм сом мелард 64-кIэ нэхъыбэ зэрыхъуар. Езы щIыналъэм и бюджетыр 2021 гъэм елъытауэ процент 18,3-кIэ хэхъуэри, 2022 гъэм и кIэм сом мелард 16,2-м хуэкIуащ.

КIуэкIуэ Казбек УФ-м и Правительствэмрэ зыужьыныгъэм щIэгъэкъуэн хуэхъу IуэхущIапIэхэмрэ фIыщIэ яхуищIащ, щIыналъэм къызэрыдэIэпыкъум щхьэкIэ. Узыфэ куэд щагъэхъужу республикэм иIэ сабий клиникэр зыхуей зэрыхуагъазэмрэ лышх узыр зыпкърытхэм щеIэзэ сымаджэщрэ поликлиникэрэ Налшык зэрыдащIыхьынумрэт нэхъыбэу КъБР-м и УнафэщIым зи гугъу ищIыр. Сабий сымаджэщыр зэIузэпэщ щIыжын къалэныр мазитIым и кIуэцIкIэ зэфIэкIынущ. Лышхыр зыпкърытхэм щеIэзэ сымаджэщыр 2025 гъэм яухыну я мурадщ, поликлиникэщIэр мы гъэм нагъэсынурэ, етIанэгъэ лэжьэн щIидзэнущ. Ухуэныгъэ лэжьыгъэхэри абы текIуадэ мылъкури мурад зыхуагъэувыжахэм къыкIэрымыхуу зэблахыф. Мишустин Михаил КIуэкIуэ Казбек унафэ къыхуищIащ а Iуэхум езым и нэIэ тримыгъэкIыну.

Инфраструктурэм и зыужьыныгъэми, бюджетым къыхэкIыу мылъку зыхуаутIыпщхэми тепсэлъыхьахэщ. Апхуэдэ Iэмалым и фIыгъэкIэ Бахъсэн километр 80 зи кIыхьагъ псы бжьамий кIуэцIрашыну Iэмал ягъуэтынущ, республикэм щыщу цIыху мини 100-м нэсым псы ялъигъэIэсыфыну. Проектым и уасэр сом меларди 2,7-м нос.

КIуэкIуэ Казбек и псалъэм къыхигъэщащ бюджетым хатыкI кредитыр къагъэсэбэпурэ щIыналъэм щагъэлажьэ мылъкум и фIыгъэкIэ, къалэн зыхуащIыжа проектхэр ягъэзэщIэну Iэмал къызэрыкъуэкIым. Мишустин Михаил жэрдэм ищIащ ар зэрызрагъэхъулIэфыну Iэмэпсымэу къэралым иджыри иIэхэр зрагъэщIэну, хьэпшып къыщIэгъэкIыкIэ Iэмалхэри, щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр Iэмэпсымэ зэгъэпэщыным зэрырапхыну щIыкIэри абы хэту (НИОКР). Къэбэрдей-Балъкъэрым куэдкIэ хуэщхьэпэнущ ПромышленностымзыщIэгъэкъуэнымкIэ фондымрэ зыужьыныгъэм тегъэщIапIэ хуэхъу адрей IуэхущIапIэхэмрэ къагъэсэбэп Iэмалхэри.

А махуэ дыдэм КIуэкIуэ Казбек хэтащ «Фейдэшхуэ къозыт хадэ зехьэкIэ: хамэ къэралхэм къырашхэм я пIэ иувэну Iэмалхэр» зэIущIэм и къудамэм. Абы къекIуэлIахэр пхъэщхьэмыщхьэхэр нэхъыфIу пщэ зэрыхъуну Iэмалхэм тепсэлъыхьащ, импортым и пIэ иувапхъэ лэжьыгъэхэми я гугъу ящIащ, пхъэщхьэмыщхьэр гъэкIыным, абыхэмкIэ сату щIыным епха IуэхущIапIэхэм заужьа, езыхэр хъума зэрыхъуну щIыкIэм, IэщIагъэлIхэр гъэхьэзырын, лэжьыгъэм мылъку зэрыхалъхьэмрэ ирахьэлIэ Iэмэпсымэхэмрэ егъэфIэкIуэн зэрыхуейри утыкум илъащ.

Республикэм и Iэтащхьэм къызэхуэсахэм яжриIащ КъБР-м пхъэщхьэмыщхьэу щыIуахыжхэм куэдкIэ зэрыхэхъуар - IуэхущIапIэ псоми зэгъусэу тонн мин 680-м щIигъу къызэрырахьэлIэжар. Урысейм абы нэхърэ нэхъ бжыгъэшхуэ щызекIуэркъым. Къэбэрдей-Балъкъэрым къыхуозэ Урысейм щыIуахыж пхъэщхьэмыщхьэм я процент 16-р.

КъинэмыщIауэ, КIуэкIуэ Казбек хэтащ КИФЩI-м цIыхубэ гъащIэмрэ экономикэмрэ зэрызыщаужьым и Iуэху зезыхьэ комиссэм и лэжьыгъэмрэ инвестицэхэм экономикэм зиужьынымкIэ мыхьэнэуэ яIэр щызэпкъраха зэхуэсымрэ. КIуэкIуэ Казбек Iэ щIидзащ ХъумапIэ банкым и ИпщэКъухьэпIэ къудамэм и унафэщI Песенников Анатолий зэрыдэлэжьэну щIыкIэр къэзыгъэлъагъуэ дэфтэрым. Абы и купщIэр «гупсысэ IэрыщIыр» къыщагъэщхьэпэ Iэмэпсымэхэм зегъэужьыным хуэунэтIа щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр егъэфIэкIуэнырт.

Инвестицэхэмкlэ кавказ гъэлъэгъуэныгъэм КIуэкIуэ Казбек щыхуэзащ «Промсвязьбанк» IуэхущIапIэм и унафэщI **Фрадков Пётр**. Мыбдежми лъэныкъуитIыр зэрызэдэлэжьэну щIыкIэм теухуауэ зэпсэлъахэщ. Банкым и офисыр КъБР-м 2020 гъэ лъандэрэ щолажьэ. Илъэс блэкIам Санкт-Петербург щекIуэкIа Экономикэ зэхуэсышхуэм КъБР-м и Правительствэмрэ «Промсвязьбанк»-мрэ зэгурыIуэныгъэ щызэращIылIауэ щытащ мылъку-кредит Iуэхум теухуауэ.

- ЛъэныкъуитIми ди фейдэ зыхэлъ зэгурыIуэныгъэм къытхуищIэр ди нэкIэ долъагъу, - жиIащ КIуэкIуэ Казбек зэIущIэм иужькIэ, абы и фIыгъэкIэ хьэрычэтыщIэхэм республикэм я ахъшэр щагъэлэжьэну зэрымышынэр къыхигъэщу. - Иужьрей илъэсищым къриубыдэу, «Промсвязьбанк»-м республикэм сом меларди 4,6-м нэс щIыхуэу къритащ. ЦIыху щхьэхуэхэр къапщтэмэ, дызэрыт илъэсым и пэм ирихьэлIэу, а бжыгъэр сом меларди 3,7-м нэсащ.

- «Промсвязьбанк»-м и лэжьыгъэр зытриухуэ лъэныкъуэхэм язщ щIыналъэ щхьэхуэхэм ядэIэпыкъуныр, - жиIащ Фрадков Пётр КъБР-м и Iэтащхьэм хуэза нэужь. - Къэбэрдей-Балъкъэрым щылажьэ инвестицэхэм защIыдогъакъуэ икIи а Iуэхур щIэдгъэхуэбжьэну ди мурадщ, абы цIыхубэ гъащIэр езыгъэфIакIуэ лъэныкъуэ псори хиубыдэу. Мыхьэнэшхуэ иIэщ хьэрычэтыщIэхэм, IуэхущIапIэ инхэми цIыкIухэми защIэдгъакъуэу, абы и фIыгъэкIэ цIыхухэр зыхуей ягъуэту псэуным дыхущIэкъуным. Шэч къытесхьэркъым КъБР-мрэ «Промсвязьбанк»-мрэ я лэжьыгъэр лъэныкъуитIми зэрыхуэщхьэпэнум.

КIуэкIуэ Казбекрэ Фрадков Пётррэ и гугъу ящIащ щIыналъэм и бюджетым хуэщхьэпэнкIэ зыщыгугъ, дэчых зиIэ ипотекэ кредитым, улахуэ тыным епха жэрдэмыщIэхэм, лъэпкъ проектхэм зегъэубгъун зэрыхуейм. Къэрал IуэхущIапIэхэм я дежкIэ «Промсвязьбанк»-р тегъэщIапIэ нэхъыщхьэу гъэувыным фейдэ зэрыхэлъми тепсэлъыхьащ. КъинэмыщIауэ, мурад яIэщ а банкыр я дэIэпыкъуэгъуу, «Си хьэрычэт Iуэху» центрым къедзауэ, сатуущIэхэм папщIэ «Хьэрычэт IуэхущIапIэ цIыкIухэм папщIэ курс» программэщIэ къызэIуахыну.

***КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.***




# Лъэпкъ зэгурыIуэныгъэм хъыбарегъащIэ IэнатIэхэр толажьэ

**● ЗэIущIэхэр**

**КъБР-м и Жылагъуэ палатэм иджыблагъэ щекIуэкIа зэIущIэр теухуауэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэрым ис лъэпкъхэм я зэхуаку зэгурыIуэныгъэрэ зэкъуэтыныгъэрэ дэлъынымкIэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм ягъэзащIэ къалэным. Къыхалъхьа Iуэхугъуэм убгъуауэ икIи купщIафIэу тепсэлъыхьащ «КъБР-Медиа» ГКУ-м и унафэщIым и къуэдзэ Дзыгул МуIэед.**

- ХЪЫБАР нэпцIхэр хуабжьу къыщрахьэкI лъэхъэнэм зи Iуэхум хуэпэж хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм яхь жэуаплыныгъэр инщ, цIыхухэри хуэныкъуэщ. Ди хэгъэгум щылажьэ къэрал, щIыналъэ СМИ-хэм и чэзум, пэжым тету къагъэлъагъуэ цIыхубэм я гъащIэр, республикэм и Iэтащхьэм, Парламентым, Правительствэм, нэгъуэщI къулыкъущIапIэхэм я лэжьыгъэр зэрекIуэкIыр, - жиIащ Дзыгул МуIэед. - «КъБР-Медиа» ГКУ IэнатIэм и нэIэ щIэтщ зы телеканал, радиоканал, газетих, журнали 6, интернетым щылажьэ къыдэкIыгъуэу 8. КъыщынэмыщIауэ, щыIэщ ГТРК-м и къудамэу, район газету 13 къыдокI. УрысыбзэкIэ, адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ лажьэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм Урысей Федерацэм, хамэ къэралхэми интернетым и IэмалхэмкIэ щоджэф икIи щоплъыф. Республикэ къыдэкIыгъуэхэр жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, лъэпкъ щэнхабзэ центрхэм, нэгъуэщI зэщIэхъееныгъэхэм ядолажьэкIэрэ КъБР-м ис лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэр ирагъэфIакIуэ, лъэпкъ зыхэщIыкIыр гъэбыдэнымкIэ, цIыхубэм гупсысэ убзыхуа яIэнымкIэ сэбэп мэхъу. Апхуэдэ дыдэу дин зэгухьэныгъэхэм япыщIащи, зэпIэзэрытыныгъэ щыIэнымкIэ щхьэпэщ. Зи гугъу тщIы зэгухьэныгъэхэм я тхьэмадэхэмрэ лIыкIуэхэмрэ я къэпсэлъэныгъэр щIэх-щIэхыурэ къытрадзэ «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Горянка», «Советская молодежь» газетхэм. ЩIыналъэ газетхэм щIэх-щIэхыурэ къытохуэ лъэпкъ зэгухьэныгъэхэр зэрызэдэлажьэм, дин зэгухьэныгъэхэмрэ жылагъуэ зэщIэхъееныгъэхэмрэ хэтхэм къэхъуа Iуэху нэхъыщхьэм теухуа я еплъыкIэхэр, Урысей Федерацэм и къэрал лъэпкъ политикэр гъэзэщIа зэрыхъум ехьэлIа гупсысэхэр.

АдэкIэ МуIэед тепсэлъыхьащ КъБР-м Щэнхабзэмкiэ и министерствэмрэ «КъБР-Медиа» ГКУ-мрэ нэгъабэ Налшык щрагъэкIуэкIа «Моя провинция» урысейпсо фестивалым хэтахэм кIуэжа нэужь, ятхыка гупсысэхэм, ди республикэм ис лъэпкъхэм я зэхущытыкIэ гуапэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ псоми къызэрыхагъэщам.

Республикэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэр иджыпсту зэрыт щытыкIэм, зыхуэныкъуэу къилъытэхэм зэпкърыхауэ къытеувыIащ Жылагъуэ палатэм и унафэщIым и къуэдзэ, «Заман» газетым илъэс куэдкIэ и редактор нэхъыщхьэу щыта Аттаев Жэмал. Журналист нэсым хэлъын хуей IэзагъымрэIэнатIэр апхуэдэмкIэ къызэрызэгъэпэщамрэ тепсэлъыхьащ Жэмал.

«Прохладненские известия» район газетым и редактор нэхъыщхьэ Даврановэ Светланэ жиIащ республикэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэр нэхъ гъунэгъуу зэдэлэжьэн зэрыхуейр.

«Къэбэрдей-Балъкъэр» хъыбарегъащIэ агентствэм и унафэщI Аттаев Азнор зэIущIэм къыщыпсэлъащ. КъБР-м ис лъэпкъхэм я зэхуаку зэгурыIуэныгъэ дэлъынымкIэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм ягъэзащIэ къалэным и гугъу щищIым щIалэм жиIащ абыхэм я бзэхэр зэрызэхъуэкI лъэпкъхэм къахэкIахэм я гъащIэр къагъэлъэгъуэныр зэрыарар.

- Лъэпкъ газетхэмрэ журналхэмрэ лъэпкъыбзэкIэ фIэкIа зэрымытхэм къыхэкIыу урысей хъыбарегъащIэ утыкум щыкъыджэру пхужыIэнукъым. Къищынэмыщ Iауэ, адыгэбзэрэ балъкъэрыбзэкIэ къыдэкI газетхэр а бзэхэр зыурылъхэм я дежкIэщ зэрысэбэпыр, лъэпкъыбзэкIэ зэрытхэм лъэпкъ зэхущытыкIэр егъэфIэкIуэнми, Урысейми и цIыхухэр зэкъуэгъэувэнми хуащI хэлъхьэныгъэр егъэмащIэ. Ахэр къызэрыдэкI бзэр адрейхэм щызэхамыщIыкIкIэ, сыт хуэдэ зэгурыIуэныгъэ зи гугъу тщIыр? - къыхигъэщащ Аттаевым. - Шэч хэмылъу щыналъэ СМИ-хэм хъыбарыщIэхэр ягъэбей, щIэщыгъуэ ящI, къэралми, жылагъуэми сэбэпынагъэ къыхуахь. Ауэ абыкIэ зэфIэкIыркъым, нэхъ ипэкIэ дыкIуэтэн хуейщ, гъунэгъухэм ящIэ бзэмкIэ закъедгъэщIэхупхуэщ. Къищынэмыщ Iауэ сэ къызолъытэ, лъэпкъыбзэкIэ фIэкIа мыпсалъэ, мытхэ СМИ-хэм зегъэужьыным къыдэкIуэу, лъэпкъ зэкъуэтыныгъэр гъэбыдэным хуэлажьэ, псоми къагурыIуэ бзэкIэ къыдэкI, ди щIыналъэм щыпсэу лъэпкъхэр зэгурызыгъаIуэ СМИ республикэм къыщызэгъэпэщын хуейуэ. ИтIанэ адыгэхэми, балъкъэрхэми, урысхэми, журтхэми, ермэлыхэми, куржыхэми, псоми къащIэнт ди лъэпкъхэм я щэнхабзэр, хабзэр зыхуэдэр икIи нэгъуэщI хэгъэгухэм щыпсэу я благъэхэмрэ-Iыхьлыхэмрэ хуаIуэтэнт.

Аттаевыр тепсэлъыхьащ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм папщIэ зи IэщIагъэм фIыуэ хэзыщIыкI журналистхэр гъэхьэзырын, ахэр щрагъаджэ еджапIэхэм япыщIауэ щытын зэрыхуейм, нэгъуэщIхэми.

ЗэIущIэм къыщаIэта Iуэхухэм мыхьэнэшхуэ зэраIэр жиIащ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщI Берд Хьэзрэталий икIи дыщIигъуащ къэралым, республикэм я социально-экономикэ зыужьыныгъэр зэрекIуэкIыр; жылагъуэр зэкъуигъэувэн, тхыдэм и пэжымрэ урысей лъапIэныгъэхэмрэ хъума хъун папщIэ къулыкъущIапIэхэм зэфIагъэкIхэр цIыхубэм ящIэн папщIэ, СМИ-р псоми ялъэIэсын зэрыхуейр. ЗэIущIэм къыщалъхьахэм теухуа чэнджэщхэр къулыкъущIапIэхэм хуагъэхьынущ, апхуэдэу хъыбарегъащIэ IэнатIэхэр иджырей мардэхэм изагъэу, зыхуэныкъуэ щымыIэу лажьэу къызэрагъэпэщыным текIуэдэну ахъшэр къэугъуеин зэрыхуейр дыщIагъуащ.

**ДОХЪУШОКЪУЭ Синэ.**

# Мы махуэхэм

**Накъыгъэм и 6, щэбэт**

♦**1939 гъэм** Налшык шыгъэжапIэ къыщызэIуахащ.

♦**1875 гъэм** къалъхуащ адыгэ тхыдэдж, узэщIакIуэ **Долэт-Джэрий СултIан**.

♦**1936 гъэм** къалъхуащ адыгей философ, еджагъэшхуэ, тхакIуэ, социологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик **Хьэгъур Айтэч**.

♦**1949 гъэм** къалъхуащ абазэ тхакIуэ, КъШР-м и цIыхубэ усакIуэ **Мхъыцэ Чэрим**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 20 - 21-рэ, жэщым градус 12 - 15 щыхъунущ.

**Накъыгъэм и 7, тхьэмахуэ**

♦**Радиом, связым и IэнатIэ псоми я лэжьакIуэхэм я махуэщ**

♦**1985 гъэм** Налшык Хэку зауэ орденым и япэ нагъыщэр къыхуагъэфэщащ.

♦**1990 гъэм** КъБР-м и «Адыгэ Хасэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэр къызэрагъэпэщащ.

♦**1936 гъэм** къалъхуащ мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ кандидат, КъБР-м щIыхь зиIэ и агроном **Чэгъэду Владимир**.

♦**1950 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Балэ Иринэ**.

♦**1954 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Къудей Владимир**.

♦**1954 гъэм** къалъхуащ «Адыгэ псалъэ» газетым жэуап зыхь и секретарым и къуэдзэ **ДыщэкI (ПхытIыкI) Сонэ**.

♦**1957 гъэм** къалъхуащ сурэтыщI, КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **ПщыхьэщIэ Хьэсэнбий**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 14 - 16, жэщым градус 12 - 13 щыхъунущ.

**Накъыгъэм и 8, блыщхьэ**

♦**Жор Плъыжьымрэ Мазэ Ныкъуэ ЩхъуантIэмрэ я дунейпсо махуэщ**

♦**1936 гъэм** къалъхуащ медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Нэгъуей Беслъэн**.

♦**1947 гъэм** къалъхуащ Мексикэм и къалащхьэ Мехикэ 1968 гъэм щекIуэкIа XIX гъэмахуэ Олимп Джэгухэм лъакъуэрыгъажэмкIэ чемпион щыхъуа **Шыхъуэ Борис**.

♦**1953 гъэм** къалъхуащ химие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Къущхьэ Хьэсбий**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэшх къыщешхынущ. Махуэм хуабэр градус 12, жэщым градус 9 щыхъунущ.

**Накъыгъэм и 9, гъубж**

♦**ТекIуэныгъэм и махуэщ**

♦**Щыпсэу щIыпIэхэр зыхъуэж бзухэм я дунейпсо махуэщ**

♦**Захуагъэм тету сату щIыным и дунейпсо махуэщ**

♦**1910 гъэм** къалъхуащ режиссёр, КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Мыд Хьэжмусэ**.

♦**1927 гъэм** къалъхуащ Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Бакъ Нарзан**.

♦**1927 гъэм** къалъхуащ къэрал лэжьакIуэ, УФ-м щIыхь зиIэ и связист **Ефэнды Батий**.

♦**1927 гъэм** къалъхуащ Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Тхьэкъуахъуэ Башир**.

♦**1931 гъэм** къалъхуащ Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Пэнагуэ Азэмэтджэрий**.

♦**1933 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Сэкрэк Мухьэдин**.

♦**1943 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Атэлыкъ Къэралбий**.

♦**1951 гъэм** къалъхуащ мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ доктор, УФ-ми КъБР-ми щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Блий Станислав**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэшх къыщешхынущ. Махуэм хуабэр градуси 10 - 11, жэщым градуси 9 щыхъунущ.

**Накъыгъэм и 10, бэрэжьей**

♦**1916 гъэм** къалъхуащ Совет Союзым и ЛIыхъужь **Къуэныкъуей Назир**.

♦**1929 гъэм** къалъхуащ усакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **ХьэIупщы Лолэ**.

♦**1944 гъэм** къалъхуащ къэрал лэжьакIуэ, экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор **Щоджэн Мухьэмэд**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэшх къыщешхынущ. Махуэм хуабэр градус 12, жэщым градуси 8 - 9 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

**Лъэпкъ IущыгъэI:**

**Гукъеуэ зимыIэм пщIыхьэпIэфI елъагъу.**

# НэхъыфIхэм Москва къапоплъэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ МВД-м хэIущIыIу ищIащ «Полицейский дядя Стёпа» фIэщыгъэм щIэту ирагъэкIуэкIа урысейпсо зэхьэзэхуэм и щIыналъэ зэпеуэм кърикIуахэр.**

РЕСПУБЛИКЭ зэхьэзэхуэм щытекIуахэм Къэбэрдей-Балъкъэрым къыбгъэдэкIыу къэралпсо зэпеуэм я зэфIэкI щагъэлъэгъуэнущ. КъБР-м щыIэ МВД-м и Жылагъуэ советым и нэIэм щIэту гъэ къэс ирагъэкIуэкI зэхьэзэхуэм хэтхэр, я ныбжьым елъытауэ, гупищу гуэшащ: илъэси 6 - 8, 9 - 11, 12 - 14 хъуэхэр, жиIэу.

ЦIыкIухэм лэжьыгъэу иратат, хабзэхъумэ IэнатIэхэм къулыкъу щызыщIэхэм я лэжьыгъэм ехьэлIа Iэмэпсымэхэр, хьэпшыпхэр, езыхэр зэрыхуейуэ къыхахыу, я IэкIэ ящIыну. Зэхьэзэхуэм хэтыну хуейуэ республикэм и щIыналъэхэм сабий 20 къахэкIат. Абыхэм я IэдакъэщIэкIхэр къэзыпщытахэм яхэтащ министерствэм хъыбарыщIэхэмрэ жылагъуэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и къудамэм и унафэщI, къэрал кIуэцI къулыкъум и подполковник Ткаченкэ Ольгэ, МВД-м и Жылагъуэ советым къыбгъэдэкIыу Токъубей Сюзаннэ, ОВД-м и ветеранхэм я щIыналъэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и лIыкIуэ Жабоев Жэбрэил, хабзэхъумэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэр.

Илъэси 6 - 8 зи ныбжьхэм я деж бжыыпэр щиубыдащ Бахъсэн къалэм дэт курыт еджапIэ №2-м и 2-нэ классым щеджэ Къэзэр Асильдарэ.

Илъэси 9 - 11, 12 - 14 хъухэм я гупым ящыщу нэхъыфIу жюрим къилъытар Тэрч къалэм дэт Сабий творчествэмкIэ центрым и гъэсэн Щхьэгуэш Адисэрэ Май къалэм щыIэ курыт школ №5-м щеджэ Тхьэмокъуэ Дамиррэ я IэдакъэщIэкIхэрщ.

Лэжьыгъэхэм яхэбдзын яхэмылъу, псори гъэщIэгъуэн защIэт. Пластилиныр, абджыр, пхъэр, пластикыр, тхылъымпIэ Iувыр, щэкIхэр - а псори Iэрыхуэу къыщагъэсэбэпат цIыкIухэм я лэжьыгъэхэм. Зэпеуэм щытекIуахэр, зэрыжытIащи, Москва щекIуэкIыну творческэ зэхьэзэхуэм яшэнущ, ди республикэм къыбгъэдэкIыу.

*КъБР-м щыIэ МВД-м и пресс-IуэхущIапIэ.*

ВГТРК-м и «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГРТК-м и лэжьакIуэхэр телевиденэм тематикэ нэтынхэмкIэ и къудамэм и унафэщI **Сурженкэ Людмилэ Александр и пхъум** хуогузавэ абы и адэ, цIыхухэм щIэныгъэ егъэгъуэтынымкIэ IэнатIэм и лэжьакIуэфI, гуащIэдэкIым и ветеран, псоми фIыуэ ялъагъуу щыта егъэджакIуэ щыпкъэ **Сурженкэ Александр Иван и къуэр** дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.


Сокъур Аскэрбий


Гъурыжь Къэралбий


Битокъу Мишэ


ТекIуий Кушбий


НэщIэпыджэ Атхьэм


Нэгуэр Iэуес

# Ди адэшхуэхэм дарогушхуэ


Iулыдж Нахъуэ

***Уэлбанэм ухиубыдэмэ, псыф уохъу, зауэм ухиубыдэмэ, гуауэ къыптопсыхэ, жаIэ. Хэку зауэшхуэм цIыхухэм щалъэгъуа гуауэр шэчыгъуафIэ зыщIыр абыхэм я псэр зыщIата мамыр гъащIэм нобэ щIэблэр зэрыщыгуфIыкIырщ. Дэтхэнэ лIыхъужьми иIэщ щIэблэ, и лIыгъэм, хахуагъэм иригушхуэу и сурэт унагъуэм щахъумэу. Абыхэм къахуихуакъым гуфIэгъуэ махуэр ялъэгъуну, щIэблэм я гурыфIыгъуэр зыхащIэну, лъахэм и зыужьыныгъэм кIэлъыплъыну. ИтIани, махуэшхуэм и дахагъэмрэ къыдэкIуэтей щIэблэм я дэрэжэгъуэмрэ я псэр зэрыщыгуфIыкIам шэч хэлъкъым. Гур хэзыгъахъуэращи, зэман кIыхь дэкIами, адэшхуэ хахуэр ящыгъупщакъым къыщIэхъуахэм, абы и хъыбархэр ящIэ, и сурэтхэр яхъумэ, я гуапэуи къыпхутопсэлъыхь.***

**Сокъур Руслан**: - Си адэ Сокъур Аскэрбий ТIэмашэ и къуэр 1940 гъэм жэпуэгъуэм и 6-м Ленинград къулыкъу щищIэну ираджат. Ар яхэхуат Энгельс и цIэр зезыхьэ дзэ-политикэ училищэм и комендант взводым. Хэку зауэшхуэр къэхъейри, гъэм и бадзэуэгъуэм училищэр Шуя къалэм ягъэIэпхъуащ. МазихкIэ абы щагъэхьэзыращ командир полит-лэжьакIуэ нэхъыщIэхэр. Училищэм и комендант взводыр, цIыху 21-рэ зыхэтыр, Ленинград къэнащ училищэр яхъумэну. 1941 гъэм и шыщхьэуIум Сокъур Аскэрбий зыхэта 2-нэ полкыр Ленинград яхъумэну Пулковск лъагапIэм ягъэкIуащ. Си адэм РККА-м къулыкъу зэрыщищIар къалъытэри, 3-нэ разведбатым и тIасхъэщIэххэм хагъэхьащ. ИужькIэ абы къулыкъу щищIащ 42-нэ армэм и 13-нэ дивизэм и 296-нэ фочауэ полкым.

Зауэм хэтыху лагъым къауэхэм фэбжь зыбжанэ хихащ си адэм, ныкъуэдыкъуэ хъури, илъэс 22-м иту и унэ къагъэкIуэжащ.

Жэмтхьэлэ къигъэзэжа нэужь, Аскэрбий къуажэ Советым и секретарь лэжьыгъэм пэрыуващ. Ауэ зауэр къэсащ зыщалъхуа лъахэми. 1942 гъэм жэпуэгъуэм и 28-м щегъэжьауэ 1943 гъэм щIышылэм и 1 пщIондэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр нэмыцэ-фашистыдзэм яубыдауэ щытащ. 1943 гъэм щIышылэм и пэм бийр ирахужьэжащ. Совет властымрэ къэрал IуэхущIапIэхэмрэ зэтрагъэувэжа нэужь, си адэми пищэжащ и лэжьыгъэм. Иджыри илъэсиблкIэ пэрытащ ар IэнатIэм. А лъэхъэнэм лэжьыгъэри куэдт икIи хьэлъэт: къуажэдэсхэм жэщ-махуэ ямыIэу, зауэм зэтрикъута колхозыр зэтрагъэувэжырт, фронтым хьэпшыпхэр ирагъашэрт. «Псори фронтым папщIэ! Псори ТекIуэныгъэм папщIэ!» къыхуеджэныгъэм щIэлъ гупсысэр абыхэм я Iэпщэ лэжьыгъэт.

Зауэр иуха нэужь, 1945 гъэм, си адэм къыхуагъэфэщащ «1941-1945 гъэхэм хьэлэлу зэрылэжьам папщIэ» медалыр. ИужькIэ кърататщ «Ленинград зэрихъумам папщIэ» медалыр. Абы иIащ къэрал дамыгъэу 14.

И щIалэгъуэм Ленинград зыхъумахэм зэрыхэтам и фэеплъыр игъащIэ псокIэ ихъумащ абы. 1982, 1984, 1986, 1987 гъэхэм Ленинград 42-нэ армэм и 13-нэ дивизэм и 296-нэ полкым и ветеранхэм я зэхуэсхэм щыIащ. 1992 гъэм мэлыжьыхьым и 21-м дунейм ехыжащ ди адэр. Нобэ абы и щIалихымрэ и къуэрылъху 17-рэ дохъумэ адэм, адэшхуэм и фэеплъыр, и лIыхъужьыгъэми дропагэ.

**Джатэ Мадинэ**: - 1942 гъэм гъатхэпэм и 13-м зауэм дэкIащ си адэшхуэм и адэ Гъурыжь Къэралбий Азиз и къуэр. Абы унэм къыщIинащ зи ныбжь хэкIуэта адэ-анэр, щхьэгъусэр, и щIалиплIыр.

Псыхуабэ тыкуэн щигъэлажьэрти, мылъкуи иIэт. Абы унагъуэм къахуигъэнат езыр къэтыху зыхэпсэукIын гъэтIылъыгъэхэр: шыгъу, дыжьын, фэтыджэн хуэдэхэр. Ауэ къигъэзэжакъым. Къэралбий и щхьэгъусэ ХьэIишэт зэгуэрым пщIыхьэпIэу илъэгъуащ абы къигъэзэжыну, къуажапщэм деж къыщежьэнуи къелъэIуу. ХьэIишэт ежьащ абы и гъащIэ псокIэ: пщэдджыжьым къызэрыушу, къыдэкIырти, къуажапщэмкIэ плъэрт. Илъэс 95-рэ къигъэщIащ си адэшхуэм и анэ ХьэIишэт, щхьэгъусэм пежьэн и гугъэу къыщымытэджыфар иужьрей махуэрщ. «Дапщэщ Къэралбий зауэм щыдэкIар?», - жыпIэу уеупщIамэ, махуэ бжыгъэ нэгъунэ зэтещыпыкIауэ къыбжиIэрт.

Гъурыжь Къэралбий зауэм хъыбарыншэу хэкIуэдахэм хабжащ. Къэралбий и щIалэхэр уейт адэм и зауэ гъуэгуанэр къащIэну. Письмохэр къикIырт губгъуэ пощт №54 301-м. Иужьрейуэ абы тхыгъэ кIапэ къыщикIар 1943 гъэм и шыщхьэуIурщ.

Дэ, Гъурыжь Къэралбий и къуэрылъхум и бынхэри, дыхуейт абы теухуауэ зы хъыбар кIапэ нэхъ мыхъуми къэтщIэну: дэнэ щызэуа, сыт хуэдэ гуп хэта? Дэнэ деж и псэр щита, дэнэ щыщIалъхьа? Дэ зэи тлъэгъуакъым ар, ауэ ди гум щопсэу лIыхъужьу, сэлэт хахуэу. Абы и псэр щIитащ ди мамыр гъащIэм, ди къэкIуэнум, Хэкум.

**Битокъу Тамарэ**: - Си адэшхуэ Битокъу Мишэ 1942 гъэм фронтым кIуауэ щытащ, и ныбжьыр илъэс 16 фIэкIа мыхъуу, езыр IэмащIэлъэмащIэ цIыкIуу. ЯпэщIыкIэ штабым писару щIагъэтIысхьащ. И ныбжьыр илъэс 19 ирикъуа нэужь, ар зэхэуэхэм хэтащ, Софие (Болгарие) хуит къезыгъэщIыжахэм ядэзауэу. Зауэр щиухам, дзэм къулыкъу щищIэну ираджэри, иджыри илъэситIкIэ къэтащ, 1947 гъэм къигъэзэжащ Софие къулыкъу щищIауэ. А лъэхъэнэм дзэ корреспондентуи лэжьащ си адэшхуэр, къищынэмыщIауэ, дахэу сурэт ищIырт. Къигъэзэжа нэужь, еджэну Ленинград кIуауэ щытащ. Ауэ зауэм щыщыIам жэщ-махуэ зыбжанэкIэ зэкIэлъхьэужьу псыпцIэм хэтын хуейуэ къахуихуэри, и жьэжьейм щIыIэ хыхьат. Ар хъужыпатэкъыми, Ленинград и щIыуэпсыр емызэгъыу, зы илъэс щыIэри къэкIуэжащ. Мишэ Лэскэн куейм парт IэнатIэ щыпэрытащ, иужькIэ Налшык къэкIуэжри, «Кабардино-Балкарская правда» газетым сурэттехыу щылэжьащ. Иджыри къэс дохъумэ абы и сурэттехыр. 1963 гъэм дунейм ехыжауэ щытащ си адэшхуэр. ЩIалиплI къыщIэхъуащ.

Си анэм и адэшхуэ ТекIуий Кушбии 1941 гъэм илъэс 40 хъуауэ, 115-нэ шуудзэм хэту дэкIауэ щытащ. ИкIи лIыхъужьыгъэ зэрихьауэ, узыншэу къигъэзэжащ.

**НэщIэпыджэ Залымджэрий**: - Адэшхуэ хахуэ зиIа щIэблэ насыпыфIэм сащыщщ сэри. Си адэшхуэ НэщIэпыджэ Атхьэм Яхья и къуэр 1941 гъэм бадзэуэгъуэм и 5-м ираджауэ щытащ фронтым икIи и зауэ гъуэгуанэр Калинин щыIа 44-нэ артиллерие полкым къыщыщIидзащ. Ди сэлэтхэм яхэту мызэ-мытIэу псэзэпылъхьэпIэ ихуащ ди адэшхуэр, ауэ ахэр зауэлI къэмыланджэт, Европэм и ныкъуэр лъэсу къызэранэкIащ абыхэм, бийр хагъащIэу, ТекIуэныгъэм хуэпабгъэу.

Дадэ къыхуагъэфэщащ Хэку зауэ орденым и II нагъыщэр, «Оршэ хуит къызэращIыжам папщIэ» медалыр, «Хахуагъэм папщIэ» медалитIыр, «Кёнигсберг къызэращтам папщIэ», «Фашист Германием зэрытекIуам папщIэ» медалхэр, Жуковым и медалыр, «ЦIыхубэ хозяйствэр зэфIэгъэувэжыным жыджэру зэрыхэтам папщIэ», «Лэжьыгъэм щиIэ зэфIэкIым папщIэ», «Лэжьыгъэм и ветеран» медалхэр, нэгъуэщIхэри.

1946 гъэм жэпуэгъуэм и 26-м къигъэзэжащ Атхьэм дадэ щалъхуа щIыналъэм. ЛIыгъэрэ хахуагъэрэ къигъэлъагъуэу зауэм хэтами, къызэрысыжу лэжьыгъэм пэрыуващ. Ар япэщIыкIэ трактор-мэкъумэш бригадэм и учётчикыу ягъэуващ. Зауэм и гуащIэгъуэм щхьэмыгъазэу хэта, псэзэпылъхьэпIэ куэд къызэзынэкIа, зэуапIэ губгъуэм зи ныбжьэгъу куэд щыщIэзылъхьэжа Атхьэм хузэфIэкIащ а псор и псэм дигъахуэу, занщIэу лэжьыгъэм зритыжыну. Арыншауи хъунутэкъым - псэууэ къэнахэм ядэIэпыкъун хуейт. Дзэм хэмыхьэ щIыкIэ абы лэжьыгъэм и пIалъэ къызэрищIамрэ езым и дуней тетыкIэмрэ хуабжьу къыхуэсэбэпыжащ а лъэхъэнэм. ЦIыхухэр къызэщIэгъэуIуэным, абыхэм гъуазэ яхуэхъуным, ахэр лэжьыгъэ гугъум тегъэгушхуэным ехьэлIауэ абы и зэфIэкIым хуэдэ гъуэтыгъуейт.

ИужькIэ ар Къэхъун сельпом и унафэщIу, бригадиру, совхозым и парт комитетым и секретару, Къэхъун къуажэ Советым и Iэтащхьэу, завхозу, «Къэхъун» совхозым и складым и унафэщIу, «Красный Октябрь» колхозым и къэзыбж-къэзыпщытэ комиссэм и Iэтащхьэу, колхоз жыг хадэм и бригадиру лэжьащ. ЖыпIэнурамэ, зы махуи Iуэхуншэу щысакъым.

Илъэс 60-м нэблагъэкIэ лэжьыгъэм пэрытащ Атхьэм дадэ, къулыкъу зэмылIэужьыгъуэхэр иIыгъыу, къуажэдэсхэм пщIэшхуэ къыхуащIу. Хэку зауэшхуэм и ветеран, лIыгъэшхуэ зыхэлъ, акъыл узэщIа зиIэ дадэр 1998 гъэм дунейм ехыжащ.

**Нэгуэр Оксанэ**: - Си адэшхуэ Нэгуэр Iэуес Исуф и къуэр 1923 гъэм накъыгъэм и 11-м Куба къуажэм къыщалъхуащ. Къулыкъу ищIэн щIидзащ илъэс 18 и ныбжьу. Украинэм щызэуахэм яхэтащ, цIыхуищым зы автомат фIэкIа къащылъымыси къэхъуу. Зауэ зэманым си адэшхуэр яхэхуат бийм къиухъуреихьа ди сэлэтхэм. Гъэру яубыдри, абы и хьэзабри игъэунэхуащ. Хэку зауэшхуэр иуха нэужь, иджыри илъэситIкIэ къулыкъу ищIащ абы. 1947 гъэм унэм къигъэзэжащ. Щхьэгъусэ къишэри, быниплI, абыхэм я быныжу 15 игъуэтащ. Ар колхозым щылэжьащ учётчикыу, бригадиру. «ЛIыхъужьыгъэм папщIэ» орденыр кърататщ. ЕтIуанэу къыхуагъэфэща орденыр илъагъуну хунэсакъым, 2007 гъэм накъыгъэм и 9-м дунейм ехыжащ.

**ХьэкIуащэ Хьэжмурат**: - Си анэм и адэ Iулыдж Нахъуэ 1889 гъэм Курп Ищхъэрэ къуажэм къыщалъхуащ. Абы и адэшхуэр къуажэм къыщацIыху Хьэжыти, абы и деж мыдрисэм кIуэурэ щIэныгъэ зригъэгъуэтащ. Ар зыцIыху дэтхэнэ зыми жиIэжырт Нахъуэ диныр и фIэщ хъууэ, цIыхугъэ хэлъу, гъащIэм хуэIущу зэрыщытар. 20 гъэхэм я пэщIэдзэм, си адэшхуэр цIыхугъэ яхуэхъуащ Киров, Орджоникидзе сымэ. Ахэращ коммунист гупсысэм хуэзышахэри.

Къэбэрдеишхуэм япэ дыдэу парт билет зратахэм ящыщащ си адэшхуэр. Тыншу щытауэ жыпIэ хъунукъым абы и гъащIэр. Зауэм ипэ Курп Ищхъэрэ дэт колхозым и унафэщIу илъэс зыбжанэкIэ лэжьащ. Зауэр ди щIыналъэм къэса иужькIэ, Курп деж зэхэуэ гуащIэхэр щекIуэкIащ, си адэшхуэр партизан отрядым хэту щытащ, командирым и къуэдзэу. Абы щыгъуэм и лъакъуэм къытехуа шэм и гъащIэ псокIэ игъэщхьэжэгъуащ ар.

Бын 14 иIащ си адэшхуэм. Абыхэм ящыщу щыр лIат. Нэмыцэр къащытеуам и бынунэр игъэIэпхъуэну хунэсатэкъыми, гъэрыпIэм и хьэзабыр зыхащIащ. Ахэр лъэсу Мэздэгу яхуащ фашистхэм икIи щIымахуэ щIыIэу жэщ-махуэ зыбжанэкIэ жьыр щызэпиху члисэм щIагъэсащ. ИужькIэ хьэпшып къызэрырашэкI мафIэгу ирагъэтIысхьэри, Германие лъэныкъуэмкIэ ирагъэунэтIащ. Дзэ Плъыжьыр къапэщIэувэри, мафIэгур Ставрополь деж къыщызэтрагъэувыIауэ щытащ, насып Тхьэм къаритати, си адэшхуэм и бынунагъуэр къигъуэтыжащ.

Зауэ нэужьым, къуажэ колхозыр къэIэтыжыным илъэс бжыгъэкIэ телэжьащ си адэшхуэр. Зауэм къыхиха фэбжьхэм тыншу ягъэлъажьэртэкъым, и узыншагъэр екIакIуэ зэпытти, 50 гъэхэм пенсэ тIысыжащ. Абы къэралым къыбгъэдэкI пенсэ хэха кърату щытащ, куэдрэ сымэджа нэужь, 1966 гъэм дунейм ехыжащ.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ**,
*Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналист.*

# Жумартагъэр зэбэкIа

● Фэеплъ

## ТхакIуэ, усакIуэ цIэрыIуэ Тхьэзэплъ Хьэсэн къызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу

**УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, тхакIуэ, усакIуэ, журналист, жылагъуэ лэжьакIуэ Тхьэзэплъ Хьэсэн Мысэд и къуэр Аруан щIыналъэм хыхьэ Старэ Шэрэдж къуажэм 1943 гъэм къыщалъхуащ. Школ нэужьым ар шофёру колхозым щылэжьащ.**

1962 ГЪЭМ Тхьэзэплъыр щIотIысхьэ КъБКъУ-м мэкъумэш хозяйствэм и механизацэм щыхурагъаджэ къудамэм. Абы щIашри, дзэм къулыкъу щищIэну ираджэ.

Къулыкъур ирихьэкIыу 1965 гъэм къигъэзэжа нэужь, и щIэныгъэм пещэж. Зэреджэм хуэдэурэ, Тхьэзэплъыр щIотIысхьэ Горькэм и цIэр зэрихьэу Москва дэт Литературэ институтым. Абы къыхэкIкIи, КъБКъУ-м и заочнэ къудамэм зрегъэдзыжри, ар 1970 гъэм, Литературэ институтыр 1974 гъэм къеух. 1975 - 1976 гъэхэм КПСС-м и Аруан щIыналъэ комитетым и инструкторщ. 1976 гъэм Теунэ Хьэчимрэ ЩоджэнцIыкIу Iэдэмрэ я жэрдэмкIэ, КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм егъэщIылIа, пропагандэмрэ художественнэ литературэмкIэ бюором и унафэщIу ягъэув. 1994 гъэм къыщыщIэдзауэ, 1998 гъэр къэсыху Тхьэзэплъ Хьэсэн ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщIу щытащ.

Тхьэзэплъыр Урысейм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм 1979 гъэм и дыгъэгъазэ лъандэрэ хэтащ, илъэс куэдкIэ ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием и щIэныгъэлI - секретару лэжьащ.

1999 гъэм Тхьэзэплъ Хьэсэн къыхуагъэфэщащ УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ цIэ лъапIэр, 2009 гъэм Лермонтов Михаил и цIэр зезыхьэ дунейпсо саугъэтым и лауреат хъуащ. ЦIыху щыпкъэу, хэлъэт зиIэу, сыт хуэдэ Iуэхуми хунэсыну хуэпIащIэу дунейм тета Тхьэзэплъым щIыхь тхылърэ дамыгъэу къратар куэд дыдэ мэхъу.

2000 гъэм къыщыщIэдзауэ дунейм ехыжыху Тхьэзэплъыр «Литературная Кабардино-Балкария» журналым и редактор нэхъыщхьэу щытащ.

«ЧэруанакIуэм и лъагъуэ» усэ тхылъым папщIэ Тхьэзэплъым 2018 гъэм Урысейм и Литературэ саугъэтышхуэр къыхуагъэфэщауи щытащ.

Абы и къалэмыпэм къыщIэкIащ усэхэмрэ новеллэхэмрэ, цIыхум и гурыгъу-гурыщIэхэр къыщыIуэта художественнэ тхыгъэхэр щызэхуэхьэса тхылъ 30-м нэблагъэ дунейм къытехьащ. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, «Ещанэ сменэ» (1971), «ЦIыхубз хужь» (1976), «КъежьапIэхэр» (1979), «Псыпэ» (1980), «УэрэдыщIэ» (1983), «ЩIыгу гъащIэ» (1983), «Лъагъуныгъэ пшыналъэхэр» (1993), «Вагъуэбэ чырэ» (1997), «Тхыгъэ къыхэхахэр» (2003), «Лунный дождь» (1983), «Колесо жизни» (2001), «Зёрна из сада» (2006), «Алмазная башня» (2009), «Путь караванщика» (2017) тхылъхэр. Абы и тхыгъэхэр теухуащ Хэкум, гъащIэм, лъагъуныгъэм, лъэпкъ зэныбжьэгъугъэм, цIыхухэм я зэхущытыкIэм. Республикэм и композиторхэми ядэлажьэу щытащ Тхьэзэплъ Хьэсэн. Абы и усэхэм макъамэхэр хуатхащ, уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэхэм ахэр ноби ягъэзащIэ.

КъуэкIыпIэ усакIуэхэу Хайям Омар, Хосров Амир, Ширази Хьэфиз, Бедиль Абдулкъадир, Навои



Алишер, Низами, Рудаки, Саади, Огахия сымэ дунейпсо литературэр зэрырагъэфIэкIуам шэч хэлъкъым. Абыхэм яжь къащIихуащ ди лъэпкъ литературэми. Псом хуэмыдэу Хьэсэн и творчествэм ар щынэрылъагъущ. Газель, касыдэ, рубаи, гошма, кыта усэ гъэпсыкIэхэм ущрохьэлIэ «Хасани» зыфIэзыщыжа Тхьэзэплъым и творчествэми. Сатыр плIырыплIурэ зэхэт, философие гупсысэ куухэмкIэ гъэнщIа рубаи минитIым щIигъу Хьэсэн итхащ. Дауи, тхакIуэм, усакIуэм и IэдакъэщIэкIыр къызэралъытэр усэ бжыгъэу иIэркъым, атIэ и тхыгъэхэм гупсысэ куу, Iущагъ нэсу ящIилъхьэрщ. Абы и лъэныкъуэкIэ Тхьэзэплъым и усэ сатырхэр шэрыуэщ, гъащIэм ухуэзыузэщIщ.

Тхьэм къыхуигъэфэща гъащIэ дахэм хуэфащэу, цIыхугъэшхуэ зыхэлъу дунейм тета Тхьэзэплъ Хьэсэн къытхэмытыжми, къытхуигъэна лъэужь дахэхэр мыкIуэдыжынщ. Жыджэрагъырэ хэлъэтрэ зыхэлъу, жумартагъэр зэбэкIыу щыта лэжьакIуэшхуэр зыцIыхуу щыта дэтхэнэми ди гум гуапэу илъынщ. Хьэсэн и ныбжьэгъуфIу щытахэм абы хуэгъэзауэ ятхахэм щыщи ди гуапэу фи пащхьэ идолъхьэ.

**НАФIЭДЗ Мухьэмэд.**

● Нэхъыжьым и псалъэ

# Зи къарум емыблэжт

**Ар зыхужаIэ цIыхухэм ящыщщ Тхьэзэплъ Хьэсэн, а цIэр абы къилэжьащ и гуащIэдэкIрэ дуней тетыкIэкIэ.**

И ГУАЩIЭДЭКIЫМ и гугъу пщIымэ, Хьэсэн и къалэмыпэм къыщIэкIащ тхыгъэ зэмылIэужьыгъуэ куэд. Лейуэ утемыпсэлъыхьыжми, нэрылъагъущ а тхыгъэхэр зэрыкупщIафIэр, зэрыщIэщыгъуэр, зэрышэрыуэр - абы шэч къытезыхьэ урихьэлIэнукъым. Нобэрей ди литературэм хуэфащэ увыпIэ щаубыдащ абыхэм. Щаубыдащ я купщIэкIэ, я гъэпсыкIэкIэ, я фащэкIэ. Хьэсэн и усыгъэхэр гупсысэ куукIэ гъэнщIащ, дапщэщи гукъинэщ, ущытезаши къэхъуркъым - ари шэчыншэщ. Апхуэдэ защIэщ, псалъэм папщIэ, Тхьэзэплъым и усэ кIэщIхэр. Абыхэм я нэхъыбапIэр сатыр плIырыплIщ зэрыхъур. КъуэкIыпIэмкIэ щызэфIэувауэ, лIэщIыгъуэ зыбгъупщIым нос апхуэдэ усыгъэхэм - рубаикIэ зэджэхэм - я ныбжьыр. Хьэсэн и фIыгъэкIэ ди литературэми къыхыхьащ а жанр хьэлэмэтыр - абы щхьэкIэ пщIэ лей хуэфащэщ ди усакIуэ гуащIафIэм.

И лэжьыгъэм и гугъу пщIымэ, мыхьэнэшхуэ зиIэ IэнатIэ бгъэдэтащ - «Литературная Кабардино-Балкария» журналым и редактор нэхъыщхьэу щытащ. Гу зылъытапхъэщи, а IэнатIэр дзыхь къызэрыхуащI лъандэрэ куэдкIэ ефIэкIуат журналыр. Абы щIэх-щIэхыурэ къытехуэрт (ноби апхуэдэщ) ди лъэпкъ литературэхэм я фIыпIэр, урысыбзэкIэ зэдзэкIауэ. Хьэсэн фIыуэ щыгъуазэт цIыхухэм я пащхьэ иплъхьэну нэхъ зыхуэфащэ тхыгъэхэм, зэи теплъэкъукIыртэкъым ди тхакIуэхэм, усакIуэхэм я гуащIэдэкIым, и нэIэм щIэт зэпытт ар - апхуэдэ къалэнт журналым и тхьэмадэм и пщэ къыдэхуэри. А къалэныр дапщэщи къехъулIэрт Тхьэзэплъым. КъехъулIэрт, гулъытэ иIэти, набдзэгубдзаплъэти.

Хьэсэн гу къабзэ, псэ къабзэ зиIэ цIыхуу дунейм тетащ - апхуэдэущ ар псоми, ноби зэращIэжри. Зыгуэр къыщыхуэныкъуэм деж, езым и щхьэ Iуэхур зригъэтIылъэкIынурэ, къыхуэныкъуэм зыщIигъэкъуэнут, арэзы имыщIауэ етIысэхынутэкъым, и гур зэгъэнутэкъым, и псэр тыншынутэкъым - ар псоми яхузэфIэкIыртэкъым. Хьэсэн хузэфIэкIырт, и къару еблэжынутэкъым.

Зы гъэ, Хьэсэн и жэрдэмкIэ, ТхакIуэхэм я союзым хагъэхьауэ щытащ щIалэгъуалэ гупышхуэ. Зыбжанэ щIат абыхэм апхуэдэ гулъытэ зэрахуэфащэрэ, мыгурыIуэгъуэр зыт: хэт, сыт абыхэм лъакъуэпэщIэдз къахуэзыщIыр? Ар зэхигъэкIыху, етIысэхакъым Хьэсэн: Михалков Сергей деж кIуэри, зи ужь ихьар абы гуригъэIуащ, Союзым хэзыгъэхьэ комиссэр Москва къришри, тхакIуэ, усакIуэ пщыкIутхум нэблагъэ ТхакIуэхэм я союзым Налшык щыхагъэхьащ. Гудзакъэрэ гулъытэрэ зиIэ цIыхут ар зыхузэфIэкIынур. Апхуэдэт Тхьэзэплъ Хьэсэн.

**КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид.**

# ХужаIахэм щыщ пычыгъуэхэр

Дэтхэнэ зы литературэ тхыгъэми псэ хэтын хуейщ, уигъэхуабэу, уи гум, уи псэм къыдыхьэу. ТхакIуэм ар хузэфIэкIамэ, и IэдакъэщIэкIхэр яджмэ, - аращ абы и дежкIэ нэхъ насыпышхуэ дыдэр.Тхьэзэплъ Хьэсэн и усэхэмрэ и поэмэхэмрэ гъащIэм и джэрпэджэжщ. Ахэр щыхьэт тохъуэ ар адыгэ литературэм лъэ быдэкIэ зэрыхэувам.

**ШЭДЖЫХЬЭЩIЭ Хьэмыщэ**,
*КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ.*
*1993 гъэ*

* * *

Тхьэзэплъ Хьэсэн и тхылъхэр адыгэбзэкIи урысыбзэкIи щIэх-щIэхыурэ дунейм къытохьэ. Зы усэ тхылъкъым икIи тхылъитIкъым абы Налшыкрэ Москварэ къыщыдигъэкIар. Нобэ ар лъэпкъ литературэм и жьантIэр зыгъэбжьыфIэхэм ящыщщ.

И цIыхугъэрщи... Ди къэралышхуэ якъутэжам щIыпIэ щIагъуэ иIэкъым Хьэсэн и цIыхугъэ, и ныбжьэгъу, фIыуэ къэзылъагъу тхакIуэ здэщымыIэ. Тхьэзэплъым пщIэ къыщыхуащI, и псалъэ къыщалъытэ, и жыIэ Iуэху щытращIыхь Москваи.

**ХЬЭХ Сэфарбий**,
*тхакIуэ.*
*2013*

* * *

Тхьэзэплъ Хьэсэн и усыгъэм щыгъуазэ зыхуэпщIа нэужь, наIуэ мэхъу ар литературэ зэчий къулей зыбгъэдэлъ цIыхуу зэрыщытыр. Ар ящыщкъым зи гурыгъу-гурыщIэхэр занщIэу къизыкIут усакIуэхэм. Хьэсэн и дэтхэнэ псалъэми гупсысэ куу щIэлъщ, абыхэм укъыхураджэ дунейм щекIуэкI Iуэху жьгъейхэм уакIуэцIрыплъу, нэхъ Iуэхугъуэшхуэхэр зыгурыбгъэIуэным.

Апхуэдэ бгъэдыхьэкIэм Тхьэзэплъым и усэхэм философие лъабжьэшхуэ ярет. КъызыхэкIа лъэпкъым и гумрэ и псэмрэ щыщIэхэр къэзыIуэтэну хущIэкъу а хэкупсэм и дежкIэ а псоми мыхьэнэшхуэ яIэщ.

**ЛОПУСОВ Юрий**,
*усакIуэ, УФ-м и ТхакIуэхэм я союзым и секретарь.*
*2013 гъэ*

● Радиом и махуэм ирихьэлIэу

# Япэу къыщыпсэлъар сощIэж

**Япэ дыдэу радиор ди къуажэм къыщыпсэлъащ 1938 гъэм. Гъэмахуэт. Пщыхьэщхьэ хуегъэзэкI хъуауэ жьыри щIэри колхоз правленэм и гупэм щызэхэст. Дэри, школым иджыри мыкIуа сабийхэр, дыздашат. ЦIыхухэр щызэхуэсым и деж щыт пкъом и щхьэм тепщэчышхуэм хуэдэу хъурейуэ зыгуэр фIэлъти, псори абы худэплъейрт. Абы хэту къуажэ унафэщIхэр къыщIэкIри, дэкIуеипIэм къытеуващ. Къуажэ советым и унафэщI лIы хэщIыхьар цIыхухэм къахэпсэлъыхьу щIидзащ: «Ди жылэдэсхэм я псэукIэр нобэ ипэкIэ кIуэтащ. Мы флъагъу радиом дэ зыхыдигъэхынущ уэрэдхэр, хъыбар гъэщIэгъуэнхэр, къэралым, республикэм щекIуэкI Iуэхушхуэм теухуа хъыбархэр. Дэтхэнэ унагъуэми радиор хущIэтшэнущ, фи унэм фыщIэсу сыт хуэдэ зэхъуэкIыныгъэ къэхъуми щыгъуазэ фыхъунущ. Абы иужькIи къэкIуэнущ зэман, унэм фыщIэсу кино феплъу».**

ИУЖЬРЕЙ псалъэхэр къызэхуэсахэм я фIэщ хъуакъым. Абы иужькIэ нэхъыжь гуэрхэм цIыхубэм, къэралым, республикэм и унафэщIхэм хъуэхъукIэ зыхуагъэзащ.

- ФыкъэдаIуэ, жылэ махуэ хъун! - жиIэу «тепщэчыр» къыщыпсалъэм, Iэгуауэшхуэ хуаIэтащ. ПцIы зыхэмылъращи, нэхъыщIэхэр абы дигъэшынат, IэплIэтес сабий къыздахьахэм гъыи къахэкIат. ЦIыхухэр жэщыбг хъуху зэхэтащ къафэу, радиом едаIуэу.

Ди ныбжьэгъу щIалэ цIыкIу Къардэн Хьэжмусэ апхуэдизкIэ дихьэхати, радиом псэлъэн щигъэтыжа иужькIи худэплъейуэ куэдрэ щытащ. А жэщым абы и псэр радиом ихьэхуат. Ар балигъ хъуа нэужь, киномеханикыу еджащ. Къуажэ клубым кино куэдрэ къыщигъэлъэгъуащ, радиоузелри зэригъэпэщыжри, жылэм щекIуэкI лэжьыгъэхэм къуажэдэсхэр щыгъуазэ ищIу щытащ.

Зауэ лъэхъэнэм нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм къуажэ электростанцри, радиоузелри зэхакъутат. Ауэ сыт хуэдиз гугъуехь хэмылъами, ЛIуп Хьэжмурат и фIыщIэкIэ 1944 гъэм къуажэ ГЭС-р ирагъэжьэжащ. А зэман хьэлъэм зауэ IэнатIэм щекIуэкIхэр, республикэм, къэралым щалэжьхэр цIыхухэм радиокIи, газеткIи къащIэрт. А Iуэхугъуэхэм ятеухуауэ газетым лэжьыгъэшхуэ зэфIигъэкIащ. Зауэ нэужьым, илъэситI хуэдиз дэкIауэ ди унэхэм радиом и макъ къыщыIужащ.

Сэ радиокомитетым и бжэр щыIусхар 1953 гъэм и накъыгъэ мазэрщ. А зэманым педучилищэр къэдухырт. Студентхэм къэрал экзаменхэм зэрызыхуагъэхьэзырым теухуауэ сыкъэпсэлъэну радиокомитетым срагъэблэгъат. Сыкъыщыпсэлъэну сыздыщIаша пэшыр згъэщIэгъуауэ зэрыщытар нобэми сощIэж. КъызэрыщIэкIымкIэ, унэм щызэхэтххэр къызыщIэIукIыр мы пэшрат. А зэманым къыщыщIэдзауэ радиом и лэжьакIуэхэм пыщIэныгъэ яхузиIащ.

Ипэ зэманым радиом къалэнышхуэ игъэзащIэрт. Къэрал жыпым иIэбэхэм, зи къалэным тэмэму емыхъулIэ унафэщIхэм ятеухуауэ псалъэмакъ щхьэпэхэр ирагъэкIуэкIырт. «Аркъэн» журналым уедэIуэну сыт и уасэт?! Ди жагъуэ зэрыхъущи, зи пщIантIэпскIэ мыпсэухэу къэрал мылъкур зэзылъэфалIэхэм, гъащIэм хэмызагъэхэм ятеухуауэ зыми и щхьэфэ иIэбэжыркъым иджы радиор.

АдэкIэ къыжысIэну сыхуейт: мы зэман зэхэзэрыхьам радиом и макъыр зэхэзыхыр мащIэ дыдэщ. Зауэ нэужь гугъум нэмыцэм зэхакъутар зэрызэригъэзэхуэжын мылъку къэралым къигъуэтыфащ, къигъуэтыфри, зы жыли къэмынэу радиор щыпсалъэу ящIат. Иджы абы щыгъуэ нэхърэ нэхъ факъырэ дыхъуауэ ара?

Радиом седэIуэнщ жиIэу, цIыхум махуэм тхуэ-хэ зыхущIигъэхьэфыркъым. Гъэсэныгъэ къозымыт телевиденэм бжьыпэр иубыдащи, ди щIалэгъуалэр радиом едэIуэжыркъым.

КъытщIэхъуэ щIэблэр телевиденэм Iисраф зэрищIыр ди къэрал унафэщIхэм зыгурагъэIуэну хуейкъым. Ди насыпщи, республикэм и газетхэри, радиори, телевиденэри апхуэдэ мыхъумыщIэхэм тепсэлъыхьыркъым икIи къагъэлъагъуэркъым.

КъБР-м и радиом щылажьэхэм ягури я псэри етауэ пэрытщ я IэнатIэм, ар зэрырагъэфIэкIуэным иужь иту. Газетыр къэзгъэсэбэпу сыхуейт радиом нобэ щылажьэ цIыхухъухэми цIыхубзхэми узыншагъэ быдэ яIэну, пенсэм щысу зызыгъэпсэхухэри жьыщхьэ махуэ хъуну сехъуэхъуну.

Си щхьэкIэ сфIэфIу содаIуэ МахуэлI Хъаджэт игъэхьэзыр «Жьэгупащхьэ» нэтыным. Ар АфIэунэ Рае игъэхьэзыру щыщыта лъэхъэнэ лъандэрэ сигу дохьэ. Радиом и лэжьакIуэ псоми я махуэшхуэр хьеру къахущIэкIыну Тхьэм жиIэ.

**ЛIУП Нурхьэлий**,
*Джэрмэншык къуажэм и Ветеранхэм я советым и тхьэмадэ.*






● Хъыбар пэж

# Нэхущым сыкъыщIэпхъуат

Хэку зауэшхуэ зэманым КъардэнгъущI Зырамыку и нэгу щIэкIа псэзэпылъхьэпIэхэм ящыщу къиIуэтэжауэ щытащ мы хъыбарыр.

Пщэдджыжь къэс гъэрхэр мэлым хуэдэу дызэхуахусурэ Iуэм дыкърахуурэ дагъэлажьэрт. Махуэ щIагъуэ дэкIыртэкъым гъэрхэм ящыщ зытIущ шхын щхьэкIэ мылIэу. Дапщэрэ Iуэм дыкъыдахуами, набдзэгубдзаплъэу сызэплъар абы нэхъ тыншу сикIа зэрыхъунырщ. Си ажалыр абы хэлъми, Iэмал имыIэу нэмыцэIуэм сикIуэсыкIыну быдэу мурад сщIати, зы Iэмал къызогъуэт. Шхын щхьэкIэ силIыхь нэхърэ нэхъыфIт.

Арати, зы жэщ гуэрым, жейр щыIэфI нэхущым ирихьэлIэу, хъумакIуэр зытес лъагапIэм и щIагъымкIэ къыстеплъэ щымыIэу сыкъыщIокIуэсыкIри, Червонэ Октябрь жыхуиIэ къуажэшхуэм нэху сыкъыщокI. Нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм зэхэзехуэн ящIа къуажэдэсхэр апхуэдизкIэ куэд хъурти, уэрамым ерагъкIэ ущызэблэкIыфу арат.

Абыхэм сахэту сыздэкIуэм соплъэри, зыгуэрхэм пщIантIэм кIэртIоф щызэхадзу самэм бгъэдэсу солъагъу. «КIэртIоф гъэва сагъэшхынщ», – жызоIэри сокIуэри сахотIысхьэ. Езыхэри гуапэу къысIуощIэ. КIэртIоф зэхэздзу щIэздза къудейуэ пщIантIэм нэмыцитI къыдолъадэ: «Уэ ухэт? Дэнэ укъикIа? НакIуэ ди гъусэу», – жаIэри срахужьэ.

Куэд дэмыкIыу унэшхуэ гуэрым дыщIохьэ. Унэм кIэлындорышхуэ кIуэцIрокI. Абы и кIэ дыдэм и деж зытхьэщIыпIэ фIэдзащ, и щIагъым тас щIэтщ. Абдежым телъ сабыныр къасщтэри си Iэм щысхуащ. Си ужь ит нэмыцэхэм си Iэр сщIыурэ езгъэлъэгъуащ пэшыр: «Фэ фынакIуэ, сэ си Iэр стхьэщIынщи сынывщIыхьэнщ». КъызэдаIуэхэри зблэкIащ.

Си Iэхэри стхьэщIащ. АдэкIэ сщIэнум сегупсысу сыздэщытым, унэр зейр къыщIэкIауэ солъагъу. Си Iэр си Iупэм Iуслъхьэри езгъэлъэгъуащ, зыри жумыIэ жыхуэсIэу. Мыдрейми, «хъунщ», – жиIэри игъэзэжри щIыхьэжащ. Сэ псынщIэу унэм сыкъыщIэжри, уэрамым дэт цIыху Iувым захэзгъэгъуащэри зызгъэбзэхауэ щытащ.

● Фэ фщIэрэ?

# Зенитчицэхэри гуащIэ мащIэтэкъым



Хэку зауэшхуэм щыщIидзам, пщащэ мин бжыгъэхэм лъэIу ятхащ фронтым ягъэкIуэну хуит къащIыну. 1942 гъэм Сталинград щыщ бзылъхугъэ гупышхуэ кIуащ зауапIэ губгъуэм. Я жэрдэмкIэ дэкIащ. Къызэрамыгъэзэжынкlэ хъунур къагурыIуэу ежьащ.

КъызэрыгуэкI пщащэт ахэр. ЦIыху 75-рэ хъурт. Сталинград зыхъума, 1077 зенит-артиллерие полкым хэта цIыхубзу цIэрыIуэ хъуащ Захаровэ В. Т., Акимовэ В. В., Кичигинэ Е. В., Бархатовэ М. Г., Аевэ М. М., Герасимовэ Т. Ф., Воробьевэ А. И., Гуменюк М. К., Петровэ В. П., Масленниковэ В. А., Аникинэ М. Д., Бадамшинэ З. И., Михайловэ (Кислицинэ) М. П., Насыровэ-Газизовэ М. Г., Катинэ В. И., Полозук А. М., Тухватшиновэ Б. Т., Зиганшинэ М. Ю. сымэ.

ЦIыхубзми, цIыхухъухэм я лIыгъэм хуэдэ къагъэлъагъуэу, щхьэмыгъаззэу, къимыкIуэту фронтым Iутащ мыхэр. Абыхэм яхэлъа къарумрэ хахуагъэмрэ щыхьэт тохъуэ Зиганшинэ къиIуэтэжауэ щыта хъыбарыр: «Фронтым япэу кIуа эшелоным сыхэту сыдэкIащ сэ. Ар Сталинград къыщыувыIащ. Зенит-артиллерие полкым сыхэтти, си къалэным хыхьэрт бийм къаутIыпщ кхъухьлъатэхэм я лъагагъыр къэсхутэну, здагъазэ лъэныкъуэхэр пIалъэ кIэщIым къриубыдэу зэзгъэщIэну. Сэ ест хъыбарым ипкъ иткIэ, зенитчицэхэм шэр трагъэлъалъэрт уэгум ит кхъухьлъатэхэм.

Ажалым дыпэщIэтт. Зы зэхэуэ зэи сщымыгъупщэжыну си гум къинащ, нэгуми щIэкIыжыркъым. Зы сыхьэтым къриубыдэу ди артиллерием кхъухьлъатэ 16 къриудыхат. Сталинград уIэгъэ сыщыхъуащ, «Хахуагъэм папщIэ» медалри къызатауэ щытащ. Апхуэдэ зэхэуэ гуащIэ куэдым дыхэтащ дэ. ЗэпэщIэувэныгъэхэм ящыщ зым ди полкым кхъухьлъатэ 14 къриудыхри, танк 63-рэ игъэсат. А псом къадэкIуэу фашист зэрыпхъуакIуэхэм куэд яхэдукIыкIат».

Апхуэдэ хъыбару фронтым щыIахэм щIэи гъуни яIэкъым, ауэ бзылъхугъэ-зауэлIхэм я зэфIэкIымрэ хахуагъэмрэ умыгъэщIэгъуэнкIэ Iэмал иIэкъым. Зенитчицэхэм Сталинград зэрахъумам лъэужьышхуэ къыхинащ тхыдэм икIи а къалэ-лIыхъужьым и зы уэрамым Зенитчикхэм я цIэр зэрехьэ.

**КЪЭБАРТ Мирэ.**

● Псалъэжьхэр

# ЩIыщIэ мэш бэвщ

- ♦ ПсэукIэмыщIэ — уэкъулэ щIрейщ.
- ♦ Уэсэпс хуабэ мэшгъэкIщ.
- ♦ Псэуным лъакъуибгъу щIэтщ.
- ♦ ЩIыр кIийуэрэ къокIуэ, гъэр гъыуэрэ мэкIуэж.
- ♦ УэфIрэ уэлбанэрэ я хьэкъ зэтенэркъым.
- ♦ ПхъэIэщэ вийм зэдащтэмэ, щIыгуль къагъазэ.
- ♦ IэщIагъэ зиIэ Iэужь иIэщ.
- ♦ Уэлбанэ махуэр щIэпытхъщ, фызым я тхъэгъуэр къэбгъавэщ.
- ♦ Удэмэ — Iуданэ, убзэмэ - бзыхьэхуэ.
- ♦ ЩIыщIэ мэш бэвщ.
- ♦ Iуэху зи Iуэху Iуэху IуощIэри, шхын зи Iуэху шхын IуощIэ.
- ♦ Зэрабзыр иIэ щхьэкIэ кърабзэ иIэкъым.
- ♦ Нэгъуеипщ нэхъей, и закъуэ мэшхэж.
- ♦ НыбэщIэубзэ IуэхутхьэбзащIэщ.
- ♦ Зауэ джэгурэ дауэ джэгурэ щыIэкъым.
- ♦ Гугъуехь зымылъэгъуам тыншыгъуэ ищIэркъым.
- ♦ Выри лъэщ дыдэщ - къаубыдри щIащIэ.
- ♦ Гур кIуэдмэ, лъэр щIэкIыркъым.
- ♦ Быдэ и анэ гъыркъым.
- ♦ Бысымыр хьэщIэм и IуэхутхьэбзащIэщ.
- ♦ АдрыщIым ущIэдэумэ, мыдрыщIыр къыплъысынщ.
- ♦ Акъыл зиIэм шыIэ иIэщ.

● Чэнджэщхэр

# Адыгэм япэу Iэнэм трилъхьэр

♦Хьэлыуэ щащIынум и деж шыуан кIуэцIыр джэдыкIафэкIэ кърагъэщIыкI, хьэлыуэр щащIкIэ кIэримысхьэн щхьэкIэ.

♦Щынэлыр нэхъ щашхыр накъыгъэ, мэкъуауэгъуэ мазэхэрщ. Абы щыгъуэм лыр нэхъ IэфIщ. Щынэлым и щэр хужьыбзэщ.

♦Адыгэм пIэтIрэжан игъэкIыу щытакъым. Ар ишхмэ, цIыхум и Iэпкълъэпкъым шыгъу дещIэ жаIэрт.

♦Адыгэ тхьэлъэIум япэ дыдэу Iэнэм тралъхьэ хьэлыуэ, хъыршын, хьэлывэ.

♦Фэлъыркъэбым и щхьэр трагъэжри ягъэгъу. ИужькIэ абы сыт ипкIэми щIыIэу щытщ.

♦Дэ купщIэ гъэлыгъуа пшхымэ, уи кIэтIийхэр егъэкъабзэ.

♦Нэмэзлыкъ ящIыр бжэныфэщ е адыгэ мэл цы пхъашэрщ.

♦ПIастэ дия щаупщIатэкIэ сэр псы щIыIэм щIэхщIэхыурэ хагъауэ. Апхуэдэу пщIымэ, бзыгъэр нэхъ дахэ мэхъу.

♦Нартыху щхьэцыр жьауапIэм щагъэгъури шейуэ ягъавэ. Ираф гъуэжь уз зиIэхэм, мыгъутхьэфхэм.

♦Гуэгушыл щагъавэкIэ гуэгушым и къупщхьэхэр зэпаудыркъым, зэпылъыпIэр зэрагъэкIыу аращ. Ар зыпыбудрэ бгъавэмэ, лэпсри лыри IэфI хъуркъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ къупщхьэ зыпыудам илъыр лъы пцIащ. Лэпсри фIыцIэ, ткIыбжь ещI.

**КЪУБАТИЙ Борис.**

# Псалъэзэблэдз




***ЕкIуэкIыу:*** **3**. Адыгэ къэфэкIэ. **5**. Лэскэн щIыналъэм щыщ къуажэ. **7**. ... зимыIэм шкIэ щIещIэ. **8**. Шы зимыIэм ... къещэху. **9**. Адыгэ композитор цIэрыIуэ. **11**. Уафэм къех мыл тыкъыр цIыкIу. **12**. Псыежэхым и адрей лъэныкъуэм къыщылъ щIы. **13**. Зауэм... цIыва къыщыптехуэныр бетэмалщ.

***Къехыу:*** **1**. Къалэ-лIыхъужь. **2**. Хабзэм, законым ебэкъуа цIыху. **4**. Зи тхьэмпэ кIыхьхэр зэгуэбза, щIыпIэ куэдым къыщыкI, Iэщым ямышх удз. **6**. Ди къэралым и псыежэх нэхъ ин дыдэхэм ящыщщ. **7**. Гъэмахуэ зэманым уафэм и къуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ иплъагъуэ вагъуищ зэщIыгъу. **10**. ЩIагъыбзэ, гушыIэ хэлъу яутIыпщ е зэпадзыж псалъэ.

*Зэхэзылъхьар* **МЫЗ Ахьмэдщ**.

**Мэлыжьыхьым и 29-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:**

***ЕкIуэкIыу:*** **1**. Ираyд. **3**. ЩIалэм. **7**. Анэм. **9**. УмыщI. **10**. Аслъэныр. **13**. Нобэ. **15**. МафIэ. **17**. Мардэ. **18**. Удэмэ.

***Къехыу:*** **1**. Ираш. **2**. Ажэ. **4**. Лым. **5**. МащIэ. **6**. Зэхуэдэщ. **8**. Мастэ. **9**. Утыкум. **11**. Унэм. **12**. Iэтэ. **14**. Бэр. **16**. Адэ.

# Зауэшхуэм и зы махуэ закъуэ

**Ди къэралым и дэнэ щIыпIи хуэдэу, Къэбэрдей-Балъкъэрми мы махуэхэм щокIуэкI 1941 - 1945 гъэхэм щыIа Хэку зауэшхуэм СССР-м текIуэныгъэ къызэрыщихьрэ илъэс 78-рэ зэрырхъур гъэлъэпIэным хуэгъэпса лэжьыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр. Къызэрагъэпэщ гъэлъэгъуныгъэ купщIафIэхэр, щэнхабзэ зэхыхьэ гъэщIэгъуэнхэр, тхыдэр зи лъабжьэ зэIущIэ инхэр. Iуэхум хьэлэмэту щыбгъэдыхьащ Шэрэдж районым. Абы щагъэуващ Хэку зауэшхуэр зэрекIуэкIа зэманым щыщу зы махуэ закъуэ уи нэгу къыщIэзыгъэхьэж теплъэгъуэхэр.**



«ТЕКIУЭНЫГЪЭМ ухуэзышэ гъуэгухэр» фIэщыгъэр зиIэ, макъамэрэ тхыдэм щыщ Iыхьэхэу зэхэгъэува лэжьыгъэ купщIафIэт ар. Ар къызэгъэпэщынымкIэ икIи егъэкIуэкIынымкIэ жэрдэмыр зейр Къул Амир зи пашэ, уэрэдымрэ къафэмкIэ театр «АмикС» гупыращ. Шэрэдж щIыналъэм и щIыпIэ цIэрыIуэхэм ящыщ «Псыжь» хэщIапIэм, Зэрэгъыж къуажэм и гъунэгъуу щыIэм, щагъэуват махуэ псокIэ екIуэкIа спектаклыр. Абы и теплъэгъуэхэм къыщыгъэлъэгъуат Хэку зауэшхуэм и 1409-нэ махуэр. Зауэшхуэр иухыным махуи 9 фIэкIа къэмынауэ, тхыдэм къызэрыхэщыжымкIэ, совет зауэлIхэу Берест Алексей, Егоров Михаил, Кантарие Мелитон сымэ, Сьянов Ильяи я дэIэпыкъуэгъуу, ТекIуэныгъэм и Бэракъыр Берлин и Рейхстагым фIадзауэ щытащ абы щыгъуэ. А зэман жыжьэм екIуэкIауэ щыта Iуэхугъуэхэр дэтхэнэми нэрылъагъу щыгъэхъуныр, къытщIэхъуэ щIэблэм гурэ псэкIэ зыхегъэщIэныр мураду зыхуагъэувыжат Iуэхум и жэрдэмщIакIуэхэм.

- Махуэ зыбжанэкIэ зыхуэдгъэхьэзыращ Iуэхугъуэм, зауэ зэманым фронтым щыщыIа щытыкIэр, езы зэуапIэ губгъуэр «къэгъэщIыным» дыхущIэкъуу. Духуащ щIыунэхэр, мэз лъапэм щыдгъэуващ сэлэт пщыIэхэр, зауэлIхэм ящыгъа фащэри яIыгъа Iэщэри блэкIа зэманым зэрыщытам хуэдэу къызэрызэдгъэпэщыным иужь дитащ, - жеIэ «АмикС»-м и художественнэ унафэщI Къул Амир. - КъинэмыщIауэ, набдзэгубдзаплъэу щIэдджыкIащ Хэку зауэшхуэм и 1409-нэ махуэм ехьэлIауэ щыIэ тхыдэ литературэр, кинофильмхэм деплъыжащ. Уеблэмэ лэжьыгъэм къыхэтшащ тхыдэджхэр, къетхьэжьа Iуэхум пэжыр и лъабжьэу щытыным дыхуэсакъыу. ЖыпIэнурамэ, псори делIэлIащ лэжьыгъэр зэпэщу, къыкъусаныгъэншэу къызэгъэпэщыным, екIуу зэрыдгъэзэщIэнми дыхущIэкъуащ.

Лэжьыгъэр зэфIэгъэкIыным я къаруи, мылъкуи, зэмани ирахьэлащ зи щIалэгъуэхэми, нэхъыжьхэми, ныбжьыщIэхэми. КъБКъУ-м и студенткэ Къул Дисанэ «Урысей щIалэгъуалэм я зэгухьэныгъэм» къэралпсо махуэщIым ипэ къихуэу къыхилъхьа проектхэм хэтри, грант къихьэхуати, ар хьэлэлу хилъхьащ ТекIуэныгъэ Иным и махуэшхуэр гъэлъэпIэным. Зэрэгъыж жылэ Iумахуэм дэсхэри лъэныкъуэегъэзу щытакъым. Абыхэм Iуэхум къырахьэлIащ жэрдэмщIакIуэхэр зыхуэныкъуэ хьэпшыпхэр, ерыскъыхэкIхэр, транспорткIэ къызэрагъэпэщащ.

Махуэшхуэм и мыхьэнэр нэхъри яIэтащ зауэ теплъэгъуэхэм хэплъэну абы зыкърезыхьэлIа хьэщIэ лъапIэхэми. Апхуэдэхэт КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр Езауэ Анзор, КъБР-м щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министр Лу Азэмэт, ОВД-рэ ВВ-рэ я ветеранхэм я Урысейпсо зэгухьэныгъэм КъБР-м щиIэ къудамэм и унафэщI Былымгъуэт Беслъэн, дзэ къулыкъущIапIэхэм я ветеранхэр, «Армие ныбжьыщIэ» зэгухьэныгъэм хэтхэр, щIыналъэм щыпсэухэр, абы щылажьэ курыт школхэм я егъэджакIуэхэмрэ еджакIуэ цIыкIухэмрэ. Дзэ-губгъуэ лагерым апхуэдэу екIуэлIат Шэрэдж районым, республикэм щызэхэт жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэри.

- Ди къэралышхуэм зы унагъуи ису къыщIэкIынкъым Хэку зауэшхуэм и гузэвэгъуэр зылъэмыIэсарэ абы и бэлыхьхэр зымышэчарэ. Абы къыщытхьа ТекIуэныгъэ Иныр Хэкум щыпсэу дэтхэнэм и дежкIи фIыгъуэ мылъытэщ. Советыдзэм и зауэлI хахуэхэм, ди лIыхъужьхэм, къэралым и цIыху псоми я псэемыблэж лэжьыгъэр, зэфIэкI къызэрымыкIуэхэр зи щIыбагъ къыдэлъ а текIуэныгъэм уасэшхуэ зэрыщIэттари зэи зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым, - жиIащ Шэрэдж районым и администрацэм и Iэтащхьэ Кульбаев Алан. – Нобэ дызыхэт Iуэхугъуэр Хэку зауэшхуэм зи гъащIэр ихьа ди цIыхухэм я фэеплъщ, апхуэдэуи гъунэгъу щIыналъэм къэралым щригъэкIуэкI дзэ операцэ хэхам хэтхэми гурэ псэкIэ дазэрыщIыгъум и щыхьэтщ.

ТекIуэныгъэм ухуэзышэ гъуэгухэр, дауи, тынштэкъым. Хэку зауэшхуэр зэрекIуэкIа илъэсиплIым нэсым и зы махуэм «Псыжь» деж щыкIэлъыплъахэм ар иджыри зэ хьэкъыу я фIэщ хъуащ, гурэ псэкIи зыхащIащ мамырыгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ нэхърэ нэхъ фIыгъуэ зэрыщымыIэр. «АмикС»-м игъэува теплъэгъуэхэр абы и щыхьэтт. Гуп зэчиифIэм хэтхэм ягъэхьзыра лэжьыгъэ купщIафIэм къызэщIиубыдащ зауэ теплъэгъуэхэри, зауэлIхэм я зыгъэпсэхугъуэ мащIэри, хэкупсэ уэрэдымрэ макъамэмри увыпIэ щагъуэтащ. Уэрэдымрэ къафэмкIэ театрым хэтхэм я гъусэу концертым хэтащ КъБР-м и Макъамэ театрым и уэрэджыIакIуэхэр, Урысей гвардием и оркестрыр.

ТекIуэныгъэм и махуэшхуэм и щIыхькIэ къызэрагъэпэща Iуэху дахэм хэтахэр ягъэпэжащ республикэм и министерствэхэм, щIыпIэ администрацэм къабгъэдэкI щIыхь, фIыщIэ тхылъхэмкIэ. Лэжьыгъэр екIуу, купщIафIэу зэфIагъэкIа нэужь, хэгъэрейхэм хьэщIэхэм гуфIэгъуэ Iэнэ къыхуащтащ.

**ТАМБИЙ Линэ.**
*Шэрэдж щIыналъэ.*



# «Шемякиным и гъатхэр»

**КъБР-м фIыуэ щацIыху сурэтыщI цIэрыIуэ Къардэн-Шемякин Михаил и IэдакъэщIэкIхэм цIыкIухэр нэхъыфIу щыгъуазэ хъун папщIэ, илъэс зыбжанэ хъуауэ «Шемякиным и гъатхэр» зыфIаща, сабий зэчиифIэхэр щызэпрагъауэ зэхьэзэхуэхэр гъэ къэс ирагъэкIуэкI.**

ЗИ ГУГЪУ тщIы зэпеуэр мэлыжьыхьым и кIэм Налшык иджы 13-у щекIуэкIащ. КъБР-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм, Гъуазджэмкlэ Кавказ Ищхъэрэм щыIэ институтым, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм, иджыри IуэхущIапIэ зыбжанэм я нэIэ щIэту екIуэкI мы зэхьэзэхуэшхуэм наIуэ къыщохъу и пщэдейрей махуэр уэрэдым, сурэтым, IэпщIэлъапщIагъэм триухуэн хуэдэу зэфIэкI зыбгъэдэлъ сабийхэр икIи гъуэгу махуэ щрагъажьэ.

Сурэтым щыфлъагъу Гъуэгунокъуэ Бэлли абыхэм язщ. Налшык дэт, гъуазджэмкIэ еджапIэ №1-м уэрэд жыIэкIэ зыщезыгъасэ хъыджэбз цIыкIум «Гъуазджэм и дуней щIэращIэр» зэпеуэ къудамэм япэ увыпIэ къыщихьащ. НыбжьыщIэр игъэхьэзыращ Шэвлокъуэ Маринэ. ЕджапIэм и унафэщIыр Темыркъан Людмилэщ. Бэллэ и ехъулIэныгъэхэм адэкIи хигъэхъуэну дохъуэхъу.

**КЪУДЕЙ Iэминэ.**

# Я нэхъ цIыкIури хэкупсэу къагъэхъу

**Зэманым зи лъэужь дэмыкIуэд Iуэху, махуэ хэха куэд щыIэщ. Апхуэдэщ кIуэ пэтми нэхъ гуащIэжу зыхэтщIэ, лIакъуэ-лIакъуэкIэрэ зэIэпах, зи пщIэр лъагэ, зи мыхьэнэр ин – ТекIуэныгъэм и махуэшхуэр. Мыр ди къэралым щагъэлъапIэ махуэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, ТекIуэныгъэм ди къэралым щIитар мащIэкъым, ар цIыху мелуанхэм я гъащIэщ, сэлэт хахуэхэмрэ лIыхъужьхэм я гуащIэщ. Абыхэм я фIыгъэкIэ мамыр гъащIэщIэр зэфIэуват.**

МЫ МАХУЭМ дэ иджыри зэ дропагэ ди адэшхуэхэм яхэлъа лIыгъэм, ди къэралым къызэкъуиха къарум, ди тхыдэм щыщ Iуэхугъуэ пыухыкIахэм.

Балигъхэм я къалэнщ а напэкIуэцI щхьэхуэхэм къыщыгъэлъэгъуэжахэр къыдэкIуэтей щIэблэм я деж нахьэсыну, къащхьэщыт уафэ къащхъуэмрэ мамыр гъащIэмрэ къахуэзыхьахэм я хъыбар жраIэжыну. Зауэм, гузэвэгъуэм, нэпсым, мэжэщIалIагъэм я мыхьэнэр ямыщIэми, цIыкIухэм къагуроIуэ текIуэныгъэм, мамырыгъэм, дахагъэм, лIыгъэм я купщIэр.

Апхуэдэ гупсысэ нэхухэмкIэ сабийхэм тхыдэр ирагъащIэу Къэхъун къуажэ дэт курыт еджапIэ №1-м епхауэ лажьэ «Ашэмэз» сабий гъэсапIэм зэIущIэ гъэщIэгъуэн щекIуэкIащ.

**● Гъэсэныгъэ**



Нэхъыжь гупым я гъэсакIуэхэу НэщIэпыджэ Ларисэрэ Джатокъуэ Маринэрэ ягъэхьэзыра дерсыр купщIафIэт икIи куэд къызэщIэзыубыдэт. ГъэсакIуэхэм зи школ кIуэгъуэ мыхъуа цIыкIухэм гурагъэIуащ тхыдэм къыхэна махуэм и мыхьэнэр, накъыгъэм и 9-м дгъэлъапIэ ТекIуэныгъэм и махуэм къикIыр, тIэтыр гуфIэгъуэми, цIыхум и нэпс къыщIригъакIуэр, нэгъуэщIхэри. А псори сэбэп мэхъу ныбжьыщIэхэр хэкупсэу къэгъэхъунымкIэ, къыщалъхуа я Хэкум ирипагэу къыдэкIуэтеинымкIэ.

ЦIыкIухэм зауэм теухуа уэрэдхэмрэ усэхэмрэ гъэхуауэ жаIащ, артист ныбжьыщIэм хуэдэу теплъэгъуэ пычыгъуэ ягъэлъэгъуащ, зауэ лъэхъэнэм щыIа макъамэхэм къадэфащ.

«Ашэмэз» сабий гъэсапIэм щекIуэкIа зэIущIэм иужь, сабийхэр яшащ Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я фэеплъу Къэхъун дэт сыным деж. Зауэм хэкIуэда я къуэжэдэсхэм я цIэхэр зытетха мывэ сынхэр зэгъэувэкIа утыкум ныбжьыщIэхэм куэд къыщащIащ. Абыхэм удз гъэгъахэр тралъхьащ мамыр гъащIэр къахуэзызэуа дадэхэм я сыным.

Сэлэт щыгъынхэр екIупсу зыщыгъ цIыкIухэр абдеж гъэсакIуэхэм хуаIуатэ хъыбархэм щедэIуащ, удз гъэгъахэри сыным тралъхьэри, арэзыныгъэрэ гушхуэныгъэрэ я нэгум къищу зэбгрыкIыжащ.

**ШЫПШ Даянэ.**

**Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр къыщыдэкIынур накъыгъэм и 11-рщ.**

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.683
Заказыр №942

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А